ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩІКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№40 (24.634) • 2024 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 6, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ •

2024 гъэм мэлыжьыхьым и 10-р щымылажьэ махуэу гъэувыным и Іуэхукlэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

«Я фІэщхъуныгъэр зыхуэдэнур езыхэм ябзыхужынымкІэ яІэ хуитыныгъэмрэ дин зэгухьэныгъэхэмрэ я Іуэхукlэ» 1997 гъэм фокІадэм и 26-м къыщта Федеральнэ закон №125-ФЗ-м и 4-нэ статьям и 7-нэ пунктым тету, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муслъымэнхэм я дин ІуэхущІапІэм зэрызыкъыхуигъэзам ипкъ иткІэ НэщІикІыж хьид махуэшхуэм теухуауэ **унафэ сощІ**:

2024 гъэм мэлыжьыхьым и 10-р Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щымылажьэ гуфІэгъуэ махуэу щыгъэувын.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2024 гъэм мэлыжьыхьым и 4-м*
*№21-УГ*

## ДэІэпыкъуэгъухэр сытым дежи хьэзырщ

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек видео-конференц ІэмалкІэ хэтащ УФ-м и Правительствэм ЩІыналъэхэм зегъэужьынымкІэ и комиссэм и штабым и зэІущІэм. Ар иригъэкІуэкІащ вице-премьер Хуснуллин Марат. Зэхуэсыр теухуат 2024 - 2025 гъэхэм Луганск, Донецк республикэхэм, Херсон, Запорожскэ областхэм я инфраструктурэр зэгъэпэщыжын зэрыхуейм. Къызэхуэсахэм зи гугъу ящІар лей къызытехьа щІыналъэхэм зэрадэІэпыкъу щІыкІэрщ.**

УФ-м и Президент Путин Владимир и унафэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм щыщ адрей щІыналъэхэм ещхьу, а лъэжьыгъэ щхьэпэм хузэфІэкІ хелъхьэ. Республикэм защІэгъакъуэ Херсон областым хыхьэ Скадовскэ, Голопристанскэ муниципальнэ щІыналъэхэм. Дызэрыт илъэсым зэрагъэпэщыжынущ цІыхубэм я Іуэху зэфІэзыгъэкІ ІуэхущІапІих - сабий садхэр, фэтэр куэду зэхэт унэхэр, сабий джэгупІэхэр. КъинэмыщІауэ, инженер лъэжьыгъэ хуэныкъуэ ныкъусаныгъэхэм елэжьынущ. Зи гугъу тщІа щІыналъэхэм зэпыу имыІэу щыІэщ КъБР-м щыщ, авариехэм хуэзэпщ бригадэ, зыхуэныкъуэнкІи хъуну ІэмэпсымэхэрягъыІуу, ар уздыгъэ щІэшэн, унэхэр гъэхуэбэн е псы щІашэн хъуми.

Илъэс блэкІам цІыхубэр зыхуэныкъуэ ухуэныгъитхум я инфраструктурэр зэрагъэпэщыжащ, МФЦ-м хухэха ухуэныгъэхэр яхэту. 2028 гъэ пщІондэ, областым и унафэщІхэм зэрагурыІуам тету, иджыри ухуэныгъэ 20-м нэс зэІуэзэпщ ящІынущ.

## Къамылэжьам хэмыгъэІэбэн

**УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Чайкэ Юрий иригъэкІуэкІащ хабзэм къемызэгъыу мылъку зрахьэлІэн папщІэ къагъэхъу щІэпхъаджагъэхэм япэщІэтынымкІэ гуп зэуІум и зэІущІэ. Абы видео-конференц ІэмалкІэ хэтащ КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек.**

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ и гугъу ящІащ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмрэ гъэсыныпхъэм елэжь ІуэхущІапІэхэмрэ къэрал мылъкур гъэпцІагъэкІэ щызыдыгъухэм зэрапэщІэтыпхъэ ІэмалхэмI. ЦІыхухэм хуащІэ ІэхутхьэбзэхэмI я уасэр и чэзум ирагъэтыным, гъэсыныпхъэри къэзыгъэсэбэпхэм хэкІуэдыкІ щымыІэу зэралъэІэсыпхъэм тепсэлъыхьащ.

«ЩІэпхъаджащІэхэм, Іэхутхьэбзэхэр зэбгрызытыкІ ІуэхущІапІэхэм я лъэжьакІуэхэри яхэту, хабзэм къемызэгъыу мылъку зрахьэлІэн папщІэ, Іэмэпсымэхэр зэрыкъутари Іэхутхьэбзэхэр цІыхухэм ялъэбгъэІэсыныр зэрыгъуэри къагъэщхьэпэ. Апхуэдэ узыхуэсакъыпхъэхэр щІыналъэм и экономикэми зэран хуохъу, цІыхубэри зыхуей хуэзэркъым», - къыхигъэщащ Чайкэ Юрий.

КъинэмыщІауэ, гу зылъытапхъэхэм хохьэ къэралыр яхуэмным текІуэдапхъэу бюджетым къыхэкІ мылъкур здэкІуапхъэм унэтІын зэрыхуейр. Утыку кърахьащ бюджет ахъшэр зэрызекІуэм теухуауэ къэрал мылъку хъумапІэм 2023 гъэм ищІа къэпщытэныгъэхэм кърикІуахэр.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэм къызэритамкІэ



# Мэкъумэш ІэнатІэм и зэфІэкІхэм арэзы къещІ

**КъБР-м лъэжьыгъэ Іуэхуклэ къэкІуащ Урысей Федерацэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министр Патрушев Дмитрий. Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбекрэ министрымрэ тепсэлъыхьащ мэкъумэш-промышленнэ ІэнатІэм адэкІи зэрызиужьынум, апхуэдэуи мэкъумэшыщІэхэм иратыну къэрал дэІэпыкъуныгъэхэм.**

ПАТРУШЕВ Дмитрий къыхигъэщащ 2024 гъэм республикэм мэкъумэш продукцэр къыщыщІэзыгъэкІхэр дэІыгъынымрэ щІыналъэм и къуажэхэм зегъэужьынымрэ къэрал мылъкум къыхэкІыу сом меларди 2,7-рэ зэрыхухахыр.

Гулъытэ нэхъыбэ хуащІащ къэкІыгъэхэр къэгъэкІыным. Пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэр хэсэнымкІэ ди республикэр къэралым щыпашэхэм ящыщ зыщ. Къапщтэмэ, илъэс къэс гектар мин 1,5-рэ хъу пхъэщхьэмыщхьэ хадэщІэхэр къоунэху. БлэкІа илъэсым гъавэ бэв кърахьэлІащ - пхъэщхьэмыщхьэрэ мэраклІуэу тонн мин 500-м щІигъу.

- Гуэдзрэ соеу къэдгъэкІым процент 40-кІэ хэдгъэхъуащ. Мы илъэсри нэгъабэрейм хуэдэщ - жылэу хэтщІэхэмрэ ар зытетсэ щІыпІэмрэ захъуэжакъым. Бжьыхьэсэхэм щІыгъэпшэркІэ егугъуныр и кІэм ноблагъэ. Лъэжьыгъэм хьарзынэу йоужьэркІ, гъавэ бэв къызэрытІэрыхьэнум дыщогугъ, - жиІащ КІуэкІуэ Казбек. - Мыхьэнэшхуэ иІэщ мелиорацием зэрызиужьми. 2022 гъэм щегъэжьауэ псы зыщІэдгъэлъадахэм гектар мини 8,5-рэ къыхэдгъэхъуащ, ар нэхъыбэ зэрытщІыным адэкІи иужь диту. Іэщ гъэхъунымкІэ ІэнатІэми хьарзынэу зеужь. Нэгъабэ лыуэ къэдлэжьар проценти 10-кІэ, шэр - проценти 3,5-кІэ нэхъыбэ хъуащ.

Пхъэщхьэщхьэмыщхьэ - хадэхэкІ консервхэр гъэхьэзырынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр КИФЩІ-м и щІыналъэ псоми ефІэкІащ, нэкулъ лІэужьыгъуэу, кхъуейуэ, минеральнэ псыуэ къыщІагъэкІхэри нэхъыбэ хъуащ.

УФ-м мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министрыр гульытэ нэхъ хуищІу къытеувыІащ къуажэхэм яІэ зыужьыныгъэм. 2020 гъэм щегъэжьауэ республикэм хэтщ «Къуажэхэм лъэныкъуэ псомкІи зегъэужьын» къэрал программэм. Абы хыхьэу жылэхэм дэт сабий садхэр, щэнхабзэмкІэ унэхэр зэрагъэпэщыжащ, псыкІэ къызэзыгъэпэщ объектхэр, нэгъуэщІ куэди къагъэщІэрэщІэж. 2024 гъэм а Іуэхум къэрал мылъкум къыхэкІыу сом мелуан 38-рэ трагъэкІуэдэнущ.

КІуэкІуэ Казбек министрым фІыщІэ хуищІащ ди республикэм къызэреблэгъам, щІыналъэм и мэкъумэш хозяйствэм зэфІэкІ хьарзынэхэр иІэу къызэрилъытам папщІэ.

Патрушев Дмитрий зыщигъэгъуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш-промышленнэ ІуэхущІапІэхэм я лъэжьыгъэр зэрекІуэкІыми. Апхуэдэу япэу зригъэлъэгъуащ Шэджэм ЕтІуанэ къуажэм щыІэ «Кавказым и мэраклІуащхъуэр (голубика)» ІуэхущІапІэр.

Мы ІуэхущІапІэр 2019 гъэм къызэрагъэпэщащ, икІи абы иІыгъщ гекар 50. Нэгъабэ абы къытрахащ продукцэу тонн 210-рэ. МэраклІуащхъуэр мэкъуауэгъуэ мазэм щегъэжьауэ фокІадэм икуху къыпач. Зы гектарым хуэзэу тонни 9-м нэблагъэ къытрах. А къэкІыгъэр зыхуей хуэзауэ лъэжьэфыну щыхъур илъэситІ ирикъуа нэужьщ, мэраклІуащхъуэр ІэкІэ къыпачыж, дунейр уэфІу, пщэдджыжьыпэм деж. Ар къэралым и тыкуэнышхуэхэм хурагъашэ.

Шэджэм ЕтІуанэм министрым щрагъэлъэгъуащ «Фрукт-Трейд» мыІэрысэ щагъэкІ, абы псы къыщыщІаху ІуэхущІапІэр, Прохладнэ щІыналъэм щыІэ мыІэрысэ жыгхэр, «Велес-Агро» ІуэхущІапІэм щекІуэкІ лъэжьыгъэхэр.

## Урысейпсо олимпиадэм и щІыхькІэ

**Урысейм и телевизионнэ радиовещательнэ сетым и Къэбэрдей-Балъкъэр радиотелевизионнэ центрым Налшык и телечэщанэр мэлыжьыхьым и 5-м щхьуэкІэплъыкІыу къызэщІигъэблащ.**

АР ХУЭГЪЭЗАЩ щІыуэпсыр хъумэнымкІэ школакІуэхэм я урысейпсо олимпиадэм и кІэух Іыхьэр, 2024 гъэм мэлыжьыхьым и 5 - 10 махуэхэм екІуэкІынур, къызэрызэІуахым. А зэпеуэ иныр щызэхэтынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Сабий творчествэмкІэ и «Дыгъэпс къалэ» унэм.

Чэщанэм тридзэ нэхум къыхощ олимпиадэм и дамыгъэр, «ЩІыуэпсыр хъумэнымкІэ школакІуэхэм я урысейпсо олимпиадэм хэтхэр фыкъыдогъэблагъэ!» псалъэхэр.

Ар щхьуэкІэплъыкІэ дахэу къэгъэнэхуауэ щытащ сыхьэт 19-м къыщыщІэдзауэ жэщыку хъуху.

**БЛИЙ Даянэ.**

Адыгэ Псалъэ • apkbr.ru • adyghe@mail.ru • smikbr.ru Адыгэ Псалъэ

● Щапхъэ



# АфІэунэхэ я унагъуэ дахэр

**Сабий гъэсапІэ №8-м и унафэщІ АфІэунэ Дадий КъБР-м и Іэтащхьэм къыхуигъэфэщащ «Анэм и щІыхь» медалыр.**

КЪЫЖЫІАПХЪЭЩ, илъэс 41-кІэ узэІэбэкІыжмэ, Дадий и анэ Уэрдокъуэ Абчари «Анэ-лІыхъужь» щІыхьыцІэр къратауэ зэрыщытар. Бынунагъуэшхуэм къыщыхъуа, зэдэлъхузэшыпхъухэм я нэхъыжь Дадий жэуаплыныгъэ зыхищІэу къэхъуащ икІи сыт щыгъуи игъэнэхъапэр и адэ-анэмрэ къыдалъхуахэмрэт. Шыпхъуищрэ зы дэлъхурэ зиІэ Дадий и бынхэми апхуэдэ унагъуэшхуэкІэ яхуэхъуапсэрт.

Дадийрэ и щхьэгъусэмрэ я унагъуэр щапхъэщ, къалэнхэр зэрызэдагуэшымрэ зыр адрейм зэрыдэІэпыкъумкІэ. ЩІалищрэ зы хъыджэбзрэ къызыщІэува адэ-анэм иджы я бынхэри я щІэгъэкъуэнщ. Лэжьыгъэри унагъуэ Іуэхухэри зи пщэрылъ унэгуащэр псоми хунос.

- ЗэрысщІэжрэ сабийхэм сахэтщ. ЯпэщІыкІэ шыпхъу, дэлъху нэхъыщІэхэм, иужькІэ си сабийхэм сакІэлъыплъу щытащ. Иужьым сабий гъэсапІэр ІэнатІэ схуэхъуауэ цІыкІухэм сахэтщ, - жеІэ Дадий. - ЦІыкІухэм дакІэлъыплъым и мызакъуэу, абыхэм зедгъэужьыныр, щІэхэм хуэдгъэсэныр ди къалэнщ. АбыкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ ди гъэсапІэм къыщызэІутха театр гупжьейм. Гъэр и кІэм щынэскІэ, адэанэхэр къыдогъэблагъэри, сабийхэр щыджэгу спектакль догъэлъагъуэ. КъыжыІапхъэщ, билетым пщІэ зэрыщІатыр. Ар актёр ныбжьыщІэхэм ятыдогуэшэж. Я лэжьыгъэм къыпэкІуа япэ сомым ахэр зэригъэгушхуэр къэІуэтэжыгъуейщ! Илъэс къэс псапэ жармыкІэ къызыдогъэпэщри, сабий хуэмыщІахэм дадоІэпыкъу. Нэхъыщхьэр си лэжьыгъэм сэбэп къызэрыпэкІуэмрэ цІыхухэм сазэрыщхьэпэрщ.

ПщІэрэ нэмысрэ зэрылъ, адыгэ хабзэр щызекІуэ АфІэунэхэ я унагъуэ дахэм зыгъэпсэхугъуэ махуэхэмрэ махуэшхуэхэмрэ гукъинэжу ягъакІуэ. Псом хуэмыдэу зыхалъхьэ щымыІэу фІыуэ ялъагъу къыщыхъуа Зэрэгъыж къуажэр. Хабзэмрэ гъэсэныгъэмрэ хуэфащэ гулъытэ щыхуащІ унагъуэр щапхъэщ!

Мыбы зы закъуэщ дыщІыдгъужын хуейуэ къэтлъытэр - Дадий зи пхъур псоми фІыуэ тцІыху тхакІуэ, усакІуэ, драматург ІутІыж Борисщ. АбыкІэ жытІэну дызыхуейращи, адыгэ унагъуэ тэмэмым къыщыхъуам щапхъэфІ иІащ щапхъэ хъунымкІэ.

**ТЕКІУЖЬ Заретэ.**

## Мы махуэхэм

**Мэлыжьыхьым и 6**, *щэбэт*

♦**УФ-м и МВД-м и следственнэ органхэм я лэжьакІуэхэм я махуэщ**

♦**1937 гъэм** къалъхуащ дирижёр, композитор, УФ-ми Къалмыкъ Республикэми я цІыхубэ артист, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Темыркъан Борис**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ филологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, Адыгэ къэрал университетым и профессор **Бырсыр Батырбий**.

♦**1941 гъэм** къалъхуащ КъШР-м и цІыхубэ усакІуэ **АбытІэ Хъызыр**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ психологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, профессор **Къэбардэ Мухьэмэд**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **ХъуэкІуэн Мурат**.

♦**1963 гъэм** къалъхуащ адыгей тхакІуэ **Джэш Рахьмэт**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 15, жэщым градуси 5 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 7**, *тхьэмахуэ*

♦**Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм ягу къыщагъэкІыж псыщІагъырыкІуэ кхъухьым къулыкъу щызыщІэу хэкІуэдахэр**

♦**1940 гъэм** къалъхуащ тхакІуэ, журналист, «Адыгэ псалъэ» газетым, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм я унафэщІу илъэс куэдкІэ щыта, УФ-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ, АР-ми КъШР-ми щІыхь зиІэ я журналист **Мэзыхьэ Борис**.

♦**1948 гъэм** къалъхуащ Къэрэшей-Шэрджэсым и цІыхубэ усакІуэ, КъШР-м щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ, Къандурым и цІэр зезыхьэ саугъэтыр зыхуагъэфэща **Бемырзэ Мухьэдин**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ биологие щІэныгъэхэмкІэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къуэжьокъуэ Мухьэмэд**.

♦**1937 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щІэныгъэхэмкІэ кандидат **Уэркъуасэ Владимир**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 15, жэщым градуси 8 щыхъунущ.

**Мэлыжьыхьым и 8**, *блыщхьэ*

♦**1918 гъэм** адыгэ узэщІакІуэ, щІэныгъэлІ **Сихъу Сэфарбий** и усэхэр зэрыт тхылъ къыдэкІащ.

♦**1908 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм щыщ парт, совет лэжьакІуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛІыхъужь **Чэмокъуэ Аслъэнджэрий**.

♦**1938 гъэм** къалъхуащ композитор, УФ-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Тыкъуэ Къаплъэн**.

♦**1945 гъэм** къалъхуащ Адыгеймрэ УФ-мрэ я цІыхубэ сурэтыщІ, АР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат **Къат Теучэж**.

♦**1957 гъэм** къалъхуащ къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ, КъБР-м и Парламентым и депутат **Пащты Борис**.

**Дунейм и щытыкІэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, республикэм пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 14, жэщым градуси 7 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Щхьэж и зекІуапІэ и кІуэдыжыпІэщ.**

# Театрхэм я ехъулІэныгъэ, я гугъуехь

**КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкІэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащІэ политикэмкІэ и комитетым иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зэІущІэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал театрхэм я гугъуехьхэмрэ абыхэм зэрызрагъэужьыфыну Іэмалхэмрэ.**



ЗЭІУЩІЭМ и пэ къихуэу, депутатхэм зыщаплъыхьащ КъБР-м и Музыкэ театрым, Гуащэ театрым, ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым. Иужьрейуэ зэкІуэлІар Кулиев Къайсын и цІэр зезыхьэ Балъкъэр къэрал драмэ театрырщ - абдежщ зэІущІэр щрагъэкІуэкІари. Абы хэтащ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, комитетым хэтхэр, республикэм и къэрал театрхэм я унафэщІхэмрэ режиссёр нэхъыщхьэхэмрэ.

ЗэІущІэр къыщызэІуихым, КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкІэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащІэ политикэмкІэ и комитетым и унафэщІ **Къумал Заурбэч** жиІащ цІыхубэ гъэсэныгъэм и лъэныкъуэкІэ щэнхабзэм, псом хуэмыдэу театрым, и мыхьэнэр зэрыиныр. «Урысейм и Президент Путин Владимир иджыблагъэ Тверь щІыналъэм и щэнхабзэ лэжьакІуэхэм щахуэзам къызэрыхигъэщащи, мы ІэнатІэм лъэпкъым и псэр еузэщІ, ублэмэ зэман нэхъ гугъухэми цІыхум къару къыхелъхьэжыф. Сэ сызэреплъымкІэ, театрым жэуаплыныгъэшхуэ и пщэ дэлъщ. Зи гугъу сщІыр цІыхубэм я деж гупсысэ лъагэхэмрэ лъапІэныгъэхэмрэ зэрынихьэсырщ, - жиІащ Къумалым. - Лъэпкъ республикэхэр къапщтэмэ, ар иджыри ІэмалыфІщ щІыналъэхэм щыпсэухэм я анэдэлъхубзэхэр хъума хъунымкІэ. Фигу къэзгъэкІыжынщи, УФ-м и Президентым 2022 гъэм щэкІуэгъуэм и 9-м къыдигъэкІащ «Урысейм лъэпкъ хабзэхэмрэ псэкупсэ гъэсэныгъэмрэ щыхъумэнымрэ егъэфІэкІуэнымкІэ и лъабжьэр гъэбелджылыным теухуауэ» унафэр. Театр гъуазджэм зиужьыныр ди зэманым, дауи, куэдкІэ елъытащ абы къэрал дэІэпыкъуныгъэ зэригъуэтым, икІи мыхьэнэшхуэ иІэщ лъэныкъуитІыр зэрызэдэлажьэм.

Къумахуэ Мухьэдин тепсэлъыхьащ УФ-м «Щэнхабзэм зыщегъэужьын» къэрал программэм «ЩІыналъэ цІыкІухэм я щэнхабзэр» и проектымрэ «Къалэ цІыкІухэм я театрхэр», «Театрхэр - сабийхэм папщІэ» Іуэхухэмрэ хыхьэу, театрхэм къэрал дэІэпыкъуныгъэ зэрагъуэтым.

Министрым жиІащ щІыналъэм и къэрал театритхури зыхуей псомкІи къызэрызэгъэпэщар. Ауэ ЩоджэнцІыкІу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрыр нэхъ жьы дыдэхэм ящыщщи, ар иджыпсту зэгъэпэщыжын лэжьыгъэхэм хуэныкъуэщ, псом хуэмыдэу и утыкур (сценэр). Къумахуэм къыхигъэщащ ТЮЗ-ри (театреплъ ныбжьыщІэхэм ейр) иджы ехъулІэныгъэ иІэу Налшык къалэм щызэрагъэпэщыжа КъафэмкІэ пэшым зэрыщылажьэр.

Ар къытеувыІащ театрхэм я лэжьыгъэхэр ягъэлъагъуэу 2023 гъэм здэщыІа щІыпІэхэмрэ зыхэта фестивалхэмрэ. Абыхэм ящыщу къигъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр илъэси 100 зэрырикъум траухуауэ щыта «Южная сцена» зэхыхьэр. Министрым къыхигъэщащ театрхэр псапэ зыпылъ Іуэхухэми зэрыхэтыр, унагъуэ нэхъ хуэмыщІахэм щыщхэм, зи узыншагъэм сэкъат иІэхэм пщІэншэу спектаклхэм зэреплъыну билетхэр зэрыратыр.

Нэгъабэ спектаклыщІэу 17 республикэм щагъэуващ, театрхэм я хэхъуэр сом мелуан 51,3 мэхъу (абы щыщу сом мелуан 31-м къыхэкІащ «Пушкиным и картэмкІэ»). Псори зэхэту ягъэлъэгъуа спектакль 1076-м екІуэлІащ цІыху 183 752-рэ.

Къумахуэм къызэхуэсахэм ягу къигъэкІыжащ «Театр гъуазджэм и ІуэхукІэ КъБР-м и Іэтащхьэм и саугъэтыр гъэувыным теухуауэ» КъБР-м и Президентым 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м къыдигъэкІа Унафэ №140-УП-м тету, илъэс къэс щІыналъэм и Іэтащхьэм и саугъэтиплІ театрхэм зэрыратыр. 2023 гъэм къыщыщІэдзауэ дэтхэнэри сом зы мелуаным нэсу хагъэхъуащ (сом мин 500-м и пІэкІэ). Апхуэдэуи хуэдитІкІэ нэхъыбэ ящІащ щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм ират къэрал стипендиер (ар цІыху 600-м яІэрохьэ).

Министрыр гугъуехьхэм къыщытеувыІэм, псом япэу къыхигъэщащ театрхэм зыкъагъэлъэгъуэну районхэм зэрыкІуэр зэрымащІэр, абы и щхьэусыгъуэр къызыхэкІри зэрыгурыІуэгъуэр - ЩэнхабзэмкІэ унэхэм нэхъыбэм бэджэнд уасэр зэрагъэлъапІэрщ. Къумахуэм къыхигъэщащ театрхэм я репертуарми зэрыхэплъэжыпхъэр, языныкъуэхэм арэзы укъызэрамыщІыр, лъэпкъ драматургием дызэрыщыщІэр. Абы театр унафэщІхэр къыхуриджащ я художественнэ советхэм зэхъуэкІыныгъэхэр халъхьэну. Ди зэманым и гугъуехь нэхъыщхьэу щыІэхэм ящыщу министрым къигъэлъэгъуащ лэжьыгъэр зэрыхъуам теухуауэ Іуэхум хэзыщІыкІхэм я еплъыкІэхэр къызэрамыгъэлъагъуэр (профессиональнэ критикэ зэрыщымыІэр). «Апхуэдэ диІамэ, щыщІэныгъэхэм гу нэхъ лъыттэжынут, дгъэзэкІуэнут», - дыщІигъуащ къэпсэлъам.

Іуэху щхьэхуэу министрыр тепсэлъыхьащ «Пушкиным и картэм» и мыхьэнэм. «Ар зищІысымрэ абы щхьэкІэ цІыхухэм пщІэ къызэрыІамыхынумрэ тэмэму адэ-анэхэм къагурыгъэІуэн хуейщ, ди щІалэгъуалэм нэхъ жыджэру ахэр къагъэсэбэпын, щэнхабзэм гъунэгъу хуэтщІын папщІэ, - пищащ Къумахуэм. - Ди къэрал театрхэм хэкум ифІ зыгъэлъапІэ спектаклхэр сыт щыгъуи яІэн хуейщ, нэхъыбэ щІыпхъэщ классикэ литературэм щыщхэри. Хэку зауэшхуэм и тхыдэм теухуауэ сабийм театрым щилъагъур игу нэхъ ириубыдэфынущ, зы тхылъ закъуэм къеджэ нэхърэ».

ЗэІущІэм къыщаІэтащ режиссёр лэжьыгъэр республикэм зыщыхуэдэри нэгъуэщІ щІыпІэхэм кърашурэ спектаклхэр зэрырагъэувым епха Іуэхугъуэхэри. Къызэхуэсахэм къыхагъэщащ Москва къалэми кърашурэ лъэпкъ театрхэм щылэжьэну къызэрырагъэблагъэр, апхуэдэ Іуэху бгъэдыхьэкІэми езым и фІагъхэр зэриІэжыр.

КъБР-м и Музыкэ театрым и унафэщІ **Бэрэгъун Руслан** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ блэкІа илъэсым и кІуэцІкІэ спектакль 210-рэ зэрагъэлъэгъуар, абы щыщу 137-р сабийхэм папщІэ. Къалэжьар псори зэхэту сом мелуан 19 мэхъу («Пушкиным и картэмкІэ» - сом мелуан 12).

Апхуэдэуи зэІущІэм къыщыпсэлъащ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и режиссёр нэхъыщхьэ **Шыбзыхъуэ Басир**, Балъкъэр къэрал драмэ театрым и унафэщІ **Жангуразов Мажид**, актрисэ, КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкІэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащІэ политикэмкІэ и комитетым хэт **Бечеловэ Людмилэ** сыми. ЯхузэфІэкІам и мызакъуэу, дэтхэнэри тепсэлъыхьащ гугъуехьу ялъагъухэм. Абыхэм ящыщщ музыкантхэр зэраримыкъур, театр утыкухэр къэзыгъэнэхухэр, макъым елэжь операторхэр, нэгъуэщІ техникэ ІэщІагъэлІхэр зэрамыІэр.

Бечеловэ Людмилэ къытеувыІащ актёрхэм я улахуэр зэрымащІэми, ролхэр зэхуэдэу къазэрылъымысми, щІалэгъуалэр къыдахьэхын папщІэ, псэупІэ гуэрхэр совет зэманым зэрыхухахыу щытам хуэдэу, щыІэн хуейуэ къызэрилъытэми. «Уегупсысмэ, актёр ІэщІагъэр пщІэрэ щхьэрэ зиІэщ, ауэ абы узэригъэпсэун гуэри къыпэкІуэн хуейкъэ?!» - дыщІигъуащ бзылъхугъэм.

Къумал Заурбэч зэІущІэм хэтахэм фІыщІэ яхуищІащ я ехъулІэныгъэхэр жаІа къудей мыхъуу, ныкъусаныгъэхэри къызэрагъэлъэгъуам папщІэ. «ЗэрыгурыІуэгъуэщи, гугъуехьхэр зы махуэм пхуэгъэкІуэдынукъым, ауэ абыхэм я хэкІыпІэхэр къэтлъыхъуэнырщ ди лэжьыгъэр», - жиІащ абы.

**БАГЪЭТЫР Луизэ.**
*Сурэтыр*
**Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэрым ЩэнхабзэмкІэ и министерствэр, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэр, «КъБР-Медиа» къэрал кІэзонэ ІуэхущІапІэр, «Кабардино-Балкарская правда», «Адыгэ псалъэ», «Заман», «Горянка», «Советская молодёжь» газетхэм, «Іуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Минги Тау», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцэхэр, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВТК-р, «КъБР-Инфо» хъыбарегъащІэ агентствэр, «Эльбрус» тхылъ тедзапІэр яхуогузавэ радионэтынхэр къызэгъэпэщынымкІэ и къудамэм и системнэ администратор **Тамух Сурайе Мустафа-Камал** абы и анэ **ШащІэ Милар Ахьмэд и пхъур** дунейм зэрехыжам къыхэкІыу.

● Мэлыжьыхьым и 7-р Узыншагъэм и дунейпсо махуэщ

# ГъащIэ насыпыфIэм, зэIузэпэщым и лъабжьэ

**1950 гъэм щегъэжьауэ Узыншагъэм и дунейпсо махуэр мэлыжьыхьым и 7-м ягъэлъапIэ. Апхуэдэ махуэ щIыхахам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр я узыншагъэм гулъытэшхуэ хуащIын зэрыхуейр цIыхухэм ягурыгъэIуэнырщ, ар егъэфIэкIуэнымкIэ зэфIэхыпхъэхэр убзыхунырщ.**

МАХУЭШХУЭМ и тхыдэр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ ООН-м къудамэ щхьэхуэу къызэригъэпэща Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм (ВОЗ) лэжьэн зэрыщIидзам. Абы и къалэн нэхъыщхьэр узыншагъэр хъумэн и лъэныкъуэкIэ цIыхухэр зыIууэ гугъуехьхэр зэфIэхынырщ. Зэгухьэныгъэм хэтщ къэрали 194-рэ. ВОЗ-м и IуэхущIапIэхэр къэрали 150-м щыIэщ, абыхэм яхэтщ Урысейри.

Узыншагъэр хъумэнымкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм и жэрдэмкIэ а махуэр цIыхухэр зыгъэгумэщI Iуэхугъуэшхуэхэм траухуэ хабзэщ икIи къыхуеджэныгъэ щхьэхуэхэм щIэту йокIуэкI. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, «Лъы зытхэр сымаджэ куэдым ядоIэпыкъу», «Жыджэрагъыр гъащIэ кIыхьым и лъабжьэщ», «ЩIыуэпсым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэ мыщхьэпэхэм узыншагъэр щыхъумэн», «Лъыдэуейм узэрыпэщIэтынур», «Гъудэ-бадзэ лIэужьыгъуэхэм кърахьэкI узыфэ зэрыцIалэхэр», «Ерыскъыпхъэхэм я шынагъуэншагъэр», «Фошыгъу узым дытекIуэнущ!», «Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм щыхуащIэ Iуэхутхьэбзэхэм цIыху псори къызэщIегъэубыдэн», «Ди планетэ, ди узыншагъэ», нэгъуэщIхэри.

2024 гъэм Узыншагъэм и дунейпсо махуэр «Си узыншагъэр си хуитыныгъэщ» къыхуеджэныгъэм щIэту йокIуэкI. Дунейм тет дэтхэнэ зы цIыхуми Iэмал иIэн хуейщ, зыщыщ лъэпкъми и ныбжьми емылъытауэ, узыншэу псэуну. ЩIыгум щыIэкъым узыншагъэ нэхърэ нэхъ лъапIэ. ЦIыхум и узыншагъэр хъумэныр, ар егъэфIэкIуэныр дэтхэнэ зы къэралыгъуэми и къалэн нэхъыщхьэщ.

ЦIыхум и узыншагъэр, псом япэрауэ, зэлъытыжар езыращ. Узыншэным, и чэзум зыкIэлъыбгъэплъыным узыфэ куэдым ущихъумэнущ, ар гъащIэ кIыхьым и шэсыпIэщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, куэдым я узыншагъэм хуэфащэ гулъытэ хуащIыркъым. Зэран къахуэхъу хьэлхэм зыщадзеиным дохутырхэм сыт хуэдизрэ къыхурамыджэми, абыхэм я чэнджэщхэм тетыр мащIэщ, зыкъыщащIэжыр узым къыхигъэщIа нэужьщ. Узыншагъэ быдэр ар гъащIэ насыпыфIэм, зэIузэпэщым я лъабжьэщ. Я къару илъу нэхъыбэрэ псэун папщIэ ВОЗ-м цIыхухэр къыхуреджэ хьэуа къабзэм хэту нэхъыбэрэ къакIухьыну; щыс зэпыту лажьэхэм тхьэмахуэм тIэу-щэ къару зыхалъхьэ лэжьыгъэхэр ягъэзэщIэну; тэмэму шхэну - дагъэ зыщIэлъ ерыскъыхэр, фошыгъур, шыгъур ягъэмэщIэну, пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкIхэмрэ нэхъыбэ ящIыну; Iэпкълъэпкъым тэмэму зигъэпсэхун папщIэ сыхьэти 7 - 8-кIэ жеину; тутынымрэ фадэмрэ пэIэщIэ защIыну. Узыншагъэм дежкIэ нэхъыщхьэу икIи мыхьэнэшхуэ зиIэу а зэгухьэныгъэм къигъэлъагъуэр физическэ жыджэрагъырщ.

Къэралым и къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ сабий узыншэ къэгъэхъунымрэ и цIыхухэм къагъащIэ илъэс бжыгъэм хэгъэхъуэнымрэ. А Iуэхухэм ехъулIэ къэралым жылагъуэ лъэщ къыщIэтэджэнущ. Дэ ди къэралым а Iуэхум гулъытэшхуэ щыхуащI, абы и щыхьэтщ «Демография», «Узыншагъэр хъумэн» лъэпкъ проектхэр зэрагъэзащIэр. Къэбэрдей-Балъкъэрыр къапщтэмэ, а проектхэмкIэ къыпхуэмылъытэн лэжьыгъэшхуэ щIыналъэм щрагъэкIуэкI, республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и IэнатIэм игъуэт зыужьыныгъэхэм лъабжьэ яхуэхъур ахэращ. А Iуэхум ди щIыналъэм хуэфэщэн гулъытэ зэрыщыхуащIым, абыкIэ ефIэкIуэныгъэ щхьэхуэхэр зэрыдиIэм и щыхьэтщ медицинэм и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэмкIэ къэралым щыпашэу къалъытэхэм зэрыхабжэр.

Урысей Федерацэм Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм, Профилактикэ медицинэмкIэ лъэпкъ медицинэ къэхутакIуэ центрым, «Волонтёры-медики» къэралпсо жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм зэгъусэу гъэ къэс мы махуэхэм ирагъэкIуэкI «Узыншэу щыт!» урысейпсо зэхыхьэр. Iуэхум и къалэн нэхъыщхьэр цIыхухэм я узыншагъэм гулъытэ хуегъэщIынырщ, узыншэным къыхуеджэнырщ, абы и хабзэхэм ткIийуэ зэрытетын хуейр гурыгъэIуэнырщ.

Медицинэ Iуэхутхьэбзэ тэмэмыр цIыхухэм псоми зэхуэдэу ялъэгъэIэсыныр, узыфэхэр къэмыгъэхъуным хуэгъэза профилактикэ лэжьыгъэр нэсу къызэгъэпэщыныр псом нэхърэ нэхъыщхьэу зэрыщытыр къагурыIуэу я IэнатIэр ирахьэкI дохутырхэм. Ауэ Iуэхур кIуэта щыхъунур езы цIыхухэри я узыншагъэр хъумэным жэуаплыныгъэ пылъу бгъэдыхьэмэщ. Аращ Узыншагъэм кIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм а Iуэхур Iэпэдэгъэлэл ямыщIу зыкIэлъыплъыжыну псори къыщIыхуриджэр.

# НэхъыфIхэм хабжэ

**Дунейпсо IэщIагъэлIхэри къыхашэу, Москва щекIуэкIащ Неврологхэм я етIуанэ конгресс. Абы и утыку къыщрахьащ щхьэ куцIым щызекIуэ лъым игъуэта сэкъатым еIэзэнымкIэ лэжьыгъэм и пIалъэ нэхъыфI къэзыгъэлъэгъуахэм я Iуэху бгъэдыхьэкIэхэр. Урысейм и щIыналъэхэу ехъулIэныгъэ зиIэу къалъытахэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрри.**



А УНЭТIЫНЫГЪЭМ IэнатIэр зэрехъулIэм теухуауэ конгрессым къыщыпсэлъащ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм штатым хэмыт и невролог-IэщIагъэлI нэхъыщхьэ Улымбащ Эммэ. Абы къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ узыфэм пэщIэтынымкIэ республикэм и медицинэ IэщIагъэлIхэм лэжьыгъэр зэрырагъэкIуэкIым, Iуэхум ехъулIэнымкIэ IэнатIэм щытыкIэ псори зэпэщу къызэрыхузэрагъэпэщым.

2023 гъэм я лэжьыгъэм къэрикIуахэм ятепщIыхьмэ, инсультым илIыкIхэм я бжыгъэр процент 14,6-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ, ар «Гу-лъынтхуэ узыфэхэм япэщIэтын» къэрал программэм къыщыгъэлъэгъуам нэхърэ (процент 16,4%-кIэ) нэхъ мащIэщ.

Апхуэдэ ехъулIэныгъэхэр зыIэрагъэхьащ IэнатIэм и лэжьыгъэр тэмэму зэрызэтраухуэфам и фIыгъэкIэ: узыр и чэзум къызэрахутэфымкIэ, амбулаторэ кIэлъыплъыныгъэм щыт сымаджэр хущхъуэкIэ къызэрызэрагъэпэщымкIэ, гу-лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ медицинэ IуэхущIапIэхэр иджырей IэмэпсымэхэмкIэ зэраузэдымкIэ.

Зыхуэныкъуэ IэщIагъэлIхэмкIэ, IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщауэ Республикэ клиникэ сымаджэщым хэту мэлажьэ Лъынтхуэ узыфэхэр зыпкърытхэм щеIэзэ центр. Абы къищынэмыщIауэ, Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №1-ми Прохладнэ район сымаджэщми лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ къудамэхэр хэтщ.

Щхьэ куцIым щызекIуэ лъым и лэжьэкIэм сэкъат иIэмэ, япэ сыхьэтхэм тромболизис Iэзэкlэр къагъэсэбэп. Лъынтхуэ узыфэхэм щеIэзэ центрымрэ къудамэхэмрэ щыIэ, невролог, нейрохирург, кардиолог, анестезиолог зыхэт гупым я лэжьыгъэр сыт и лъэныкъуэкIи зэпэщу зэтеублащи, сымаджэр къыщыхуашам деж щегъэжьауэ абы и лажьэр къахутэу япэ дэIэпыкъуныгъэ иратыным дакъикъэ 35-рэ текIуадэу аращ.

Къыхэгъэщыпхъэращи, IэнатIэм иIэ ехъулIэныгъэр зэлъытыжар медицинэ IэщIагъэлIым и Iэзагъымрэ зэфIэкIымрэщ, апхуэдэуи IуэхущIапIэхэр зыхуэныкъуэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэрызэгъэпэщарщ. Нобэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм а Iуэхухэм хуэфэщэн гулъытэ зэрыхуищIырщ цIыхухэм ягъуэт медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъкIэ къэралым щыпэрытхэм ди щIыналъэри ящыщ зыуэ щIыщытыр.



# Яхуэлъэщ сабийхэми

***Фошыгъу диабетыр дунейпсо медицинэр зыIууэ узыфэ нэхъ гугъухэм икIи хьэлъэхэм хабжэ. Мы зэманым фошыгъу узыр къефыкIыу дуней псом тетщ цIыху мелуан 450-рэ, абыхэм я нэхъыбэм - мелуан 424-м - узыфэм и 2-нэ лIэужьыгъуэр япкърытщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, инсулиныр яхурикъуркъым. КъызэрагъэлъагъуэмкIэ, Урысейм а узыр зыпкърыту щыпсэухэм я бжыгъэр мелуани 5-м ноблагъэ. Иужьрей зэманым дохутырхэр нэхъ игъэгузавэ хъуащ а узыфэр зэуалIэхэр нэхъыбэ зэрыхъум, ди жагъуэ зэрыхъунщи, балигъхэм я мызакъуэуи ар яхуэлъэщ сабийхэми. Ар хэмытIасэу къэпхутэн щхьэкIэ узым зэрызыкъыуигъащIэ нэщэнэхэу гулъытэ нэхъ зыхуэщIыпхъэхэм, ар зыпкърытыр зэрызыкIэлъыплъыжын хуейм тедгъэпсэлъыхьащ Налшык дэт Поликлиникэ нэхъыщхьэм терапевту икIи эндокринологыу щылажьэ БАЛЪКЪЭР Дахэнагъуэ*** *(сурэтым):*

- КЪЫХЭГЪЭЩЫПХЪЭЩ фошыгъу диабетыр япэ, етIуанэ лIэужьыгъуэу зэрызэщхьэщыкIыр. Зэхуэдэ нэщэнэу яIэр лъым хэлъ фошыгъур зэрыдэкIуейрщ. Япэ лIэужьыгъуэ зиIэхэм я IэпкълъэпкъыIм езым и инсулиныр къемэщIэкIыу мэхъури, ирагъэкъужын папщIэ хущхъуэ дэIэпыкъуэгъу хуащI. Ар мастэу халъхьэу аращи, псэухукIэ зрихьэлIэнущ. ЕтIуанэ лIэужьыгъуэм хуэдэ зиIэхэм нэхъыбэрэ урохьэлIэ. Сымаджэхэм я процент 90-м узыфэр къызыхахар егъэлеяуэ пшэр зэрыхъурщ. Аращи, лы лей къызыщтэн щIэзыдза цIыхур а узыфэр иIэнкIэ шынагъуэу къалъытэ гупым хабжэ.

Зэпымыууэ псыхуэлIэ уиIэмэ, щIэх-щIэхыурэ угъутхьэну ухуеймэ, щIыфашхэ ухъуамэ, ахэр фошыгъу диабетым и «хъыбарегъащIэщ». ЦIыхухэм я деж нэсхьэсыну сыхуейт: фошыгъу диабетым зыщыфхъумэфынущ IэпкълъэпкъыIм и «уэзджынэхэм» и чэзум гулъытэ хуэфщIмэ. Абы папщIэ лъым хэлъ фошыгъум и закъуэкъым щIэх-щIэхыурэ къэфпщытэн хуейр. Мыхьэнэшхуэ яIэщ инсулиным и щытыкIэми «индекс HOMA» анализыр зыхуэдэми. Абы къигъэлъагъуэ хэхъуэр нэхъ лъагэхукIэ, узыфэм нэхъ гъунэгъу фыхуохъу. Лъым хэлъ фошыгъур мардэм тету илъэс бжыгъэкIэ екIуэкIынкIи хъунущ, ауэ абы щыгъуэми инсулиным и щытыкIэр узыгъэгузавэу.

Фошыгъу диабетыр узыфэ бзаджэщ, ар зэрекIакIуэм елъытауэ, абы къегъэхъей нэгъуэщI узхэри. Псалъэм папщIэ, нэхэм зэралъагъум кIэреч, псантхуэ узыфэ зэхуэмыдэхэр къыхокI, жьэжьейхэр тэмэму мылажьэу мэхъу. Абы къыхэкIыуи сымаджэр дохутырым и жыIэм ткIийуэ тетыпхъэщ.

Узыр зыпкърыт цIыхум гъащIэ узыншэ зэрырихьэкIынум и акъылыр триухуэн хуейуэ аращ. Махуэ къэскIэ хьэуа къабзэм хэту къикIухьыпхъэщ, щхьэж и зэфIэкI елъытакIэ спорт лIэужьыгъуэ гуэрым зыдригъэхьэхыныр фIы дыдэщ, мыхьэнэшхуэ иIэщ жэщым сыхьэт 11-м нэхъ фIэмыкIыу угъуэлъыжыным, IэпкълъэпкъыIри акъылри абы егъэсауэ тэмэму зыгъэпсэхуа ухъун папщIэ. Ерыскъым куэд дыдэ елъытащ: къэуат щIэлъу, ауэ емыгъэлеяуэ щытыпхъэщ, IэфIыр хэгъэкIыпхъэщ, углевод зыхэлъ шхыныгъуэр гъэмэщIапхъэщ. Къапщтэмэ, фошыгъу диабетыр зиIэ сымаджэхэм я мызакъуэу, узыншэу щытыну хуей псоми я мардэщ ахэр.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, фошыгъу диабетым и япэ лIэужьыгъуэр пхуэгъэхъужыркъым, сымаджэр псэухукIэ инсулин мастэр зыхилъхьэнущ. ЕтIуанэ лIэужьыгъуэр и чэзум къахутэрэ, ар зиIэ цIыхур узыншэу зэрыпсэуным хущIэкъуу и шхыным кIэлъыплъмэ, физическэ жыджэрагъэм хигъахъуэмэ, пхуэгъэхъужынущ. Абы и щапхъэхэр мащIэкъым. Узыфэр хэтIэсамэ, ар Iэмалыншэщ. Ауэ апхуэдэ сымаджэми дохутырым и жыIэр игъэзащIэу зэгугъужу зыкIэлъыплъыжмэ, узым нэхъ тыншу декIуэкIынущ.

«Ей, бетэмал, илъэс зыбжанэ ипэкIэ къызжепIахэм щхьэ семыдэIуарэт», - сымаджэхэм жаIэу сыт хуэдизрэ зэхэсха. Уи жагъуэ мэхъу зи узыншагъэм зыкъигъэза, сэбэп узыхуэхъуфыну сымаджэр дохутырым и гъусэу и узым пэщIэмыувэу, имышхыпхъэ ерыскъым кърит гурыфIыгъуэр япэ зэрыригъэщыр, апхуэдэ щIыкIэкIи абы къыхихыну някъуэдыкъуагъэр, уеблэмэ и гъащIэр езым нэхъ кIэщI зэрищIыжыр зыгуригъэIуэну хэмыту. Ди зэпсэлъэныгъэр къэзгъэсэбэпу газетым и щIэджыкIакIуэхэм лъэIукIэ захуэзгъэзэнут: фи сабийхэр фымэгъэшхакъуэ, балигъым и Iыхьэм хуэдиз къахутевмыгъэувэ, ерыскъы къагъэнар евгъэшхыжынуи хэвмыгъэзыхь. Ди республикэм исщ пшэрыIуэу зэрыщытым къыхэкIауэ фошыгъу диабетым и етIуанэ лIэужьыгъуэр зиIэ щIалэгъуалэ куэд. Абыхэм сащепсалъэкIэ наIуэ мэхъу я хьэлъагъыр куэдыIуэ зэрашхым къызэрыхэкIар, шхыным хуаIэ нэхъуеиншагъэр я сабиигъуэм къызэрыщежьэр. Хабзэу зыхуэвгъэувыжи, махуэ къэс дакъикъэ 30 - 40-кIэ къызэрыфкIухьыным фыхущIэкъу. Фи фIэщ зэрыхъун, зыхэфщIэу абы фи щытыкIэр нэхъыфI ищIынущ.

*НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар* **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

# ЯхуищIат гурыщIэ пщтыр литературэмрэ журналистикэмрэ

1924 «Адыгэ псалъэ» 2024

**Лъэпкъ щэнхабзэм къыпхуэмылъытэн хэлъхьэныгъэ хуищIащ зыхужаIэ творческэ цIыхухэм ящыщт Мэзыхьэ Борис. Лъэпкъ литературэми журналистикэми зэфIэкI лъагэхэр къыщигъэлъэгъуащ, абыхэм я зыужьыныгъэм и гуащIэ емыблэжу хуэлэжащ. А унэтIыныгъэхэмкIэ Iуэхугъуэ куэдым я зэхэублакIуэуи щытащ. Художественнэ творчествэми, жылагъуэ лэжьыгъэхэми, зыпэрыта унафэщI къулыкъухэми ехъулIэныгъэфIхэр щиIэт.**

МЭЗЫХЬЭ Борис Беслъэн и къуэр 1940 гъэм мэлыжьыхь мазэм и 7-м Щхьэлыкъуэ къыщалъхуащ. Курыт еджапIэр а къуажэм къыщиухащ. МэкъумэшыщIэ унагъуэм къихъукIа щIалэр школ нэужьым япэщIыкIэ колхо-зым щылэжьащ, иужькIэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щеджащ. Мэзыхьэр къулыкъу IэнатIэ зыбжанэ пэрытащ: ар щылэжьащ печатым и щэхухэр щахъумэу КъБАССР-м щыIа IуэхущIапIэм, «Адыгэ псалъэ» газетым (корреспонденту, къудамэм и унафэщIу, жэуап зыхь сек-ретару, редактор нэхъыщхьэу), КПСС-м и обкомым печатымкIэ, телевиденэмрэ радиомкIэ и къудамэм и унафэщIу. Борис тIэунейрэ хахащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и депутату. Ар илъэс 40-м нэблагъэкIэ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIу щытащ.

Зыпэрыхьэ сыт хуэдэ Iуэхури нэгъэсауэ зэфIэзыхыу щыта Мэзыхьэ Борис игъэзэщIа лэжьыгъэм хуэфэщэн пщIэи игъуэтыжащ. Ар Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, абы къыфIащащ Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэхэм щIыхь зиIэ я журналист цIэ лъапIэхэри. Мэзыхьэм къыхуагъэфэщащ СССР-м, Урысей Федерацэм я Журналистхэм я союзхэм я саугъэтхэри, щIыхь, щытхъу тхылъ зыбжани.

«Гъуэгупэ псалъэ», «Вагъуэзэшибл», «ПцIащхъуэ хужь», «Мыл чэщанэ» «Мазэхэ жэщ», «Бжьыхьэр пщIащэ пылъэлъыжыгъуэщ», «Къуажэ пшыхьхэр», «ЩIым и гулъ», нэгъуэщI тхылъ куэди абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ, урыс тхыгъэ куэди зэридзэкIащ.

БгъуфIэт икIи купщIафIэт Борис и гъащIэ гъуэгуанэр. Абы и IуэхущIафэхэм ущытепсэлъыхькIэ, япэ игъэщыпхъэу къыщIэкIынщ Мэзыхьэ-тхакIуэм и зэфIэкIхэр. Сыту жыпIэмэ, лIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъукIэ зыпэрыта журналист лэжьыгъэм и къежьапIэ хъужар пасэу тхэным гу зэрыхуищIарагъэнщ. Борис и къуажэгъу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ Елгъэр Кашиф зэрыжиIэжамкIэ, Мэзыхьэм тхэн Iуэху зэрызэрихуэр япэу къэзыщIар езыращ. Аращ университетым щIэтIысхьагъащIэ щIалэм и япэ тхыгъэм хигъэплъар. «И тхыгъэм хэслъэгъуа щыщIэныгъэхэри къехъулIахэри щызбзыщIакъым. Си гуапэ хъуат ди къуажэгъу тхакIуэ цIэрыIуэ КIыщокъуэ Алим и гъуэгум техьэн хьэзыру ди жылэм иджыри зы щIалэ зэрыдэсри, къысхуэгушхуэу и япэ тхыгъэр сэ къызэрызихьэлIари. Абы щегъэжьауэ абы и творчествэм сыкIэлъыплъащ, икIи сригуфIэу, икIи сригушхуэу апхуэдэ тхакIуэ гъуэзэджэ ди къуажэм къыдэкIауэ адыгэ литературэр и новеллэ телъыджэхэмкIи, и повестхэмкIи зэригъэбжьыфIэм», - зэманыфI дэкIауэ итхыжат Елгъэрым.

Критикхэми, тхакIуэхэми, щIэджыкIакIуэхэми Мэзыхьэр нэхъыбэу къызэрацIыхур ар адыгэ новеллистикэм и зэхэублакIуэу зэрыщытымкIэщ. ТхакIуэ куэдым къехъулIэркъым псалъэ мащIэкIэ гупсысэшхуэ къэIуэтэныр, ауэ Борис а жанр мытыншым дэгъуэу хэзэгъащ. Яхэткъым абыхэм зи зэхэлъыкIэкIэ мыгъэщIэгъуэн, зи мыхьэнэкIэ мыкупщIафIэ, зи гъэпсыкIэкIэ зыгуэр хуэныкъуэ, зи бзэкIэ мышэрыуэ, акъыл жанкIэ мыухуэнщIа. АбыхэмкIэщ зэман кIэщIым къриубыдэу ар тхакIуэ цIэрыIуэ зэрыхъуар. А тхэкIэ лIэужьыгъуэмкIэ абы лъэщIыхьа къахэкIагъэнкъым нобэрей ди тхакIуэхэм.

Илъэс щэ ныкъуэм нэблагъэкIэ хуэлэжьащ ар ди литературэм, абы и кIуэцIкIэ и къалэмыпэм къыщIэкIащ ди литературэм и тхыдэм зэи щымыужьыхыжын тхыгъэ хьэлэмэт куэд - и рассказхэрауи, и новеллэхэрауи, и повестхэрауи ирехъуи. Мэзыхьэ Борис и творчествэм щыгъуазэм жиIэфынущ абы и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэхэр зыхэгъуэщэн зэрыщымыIэр, ар зи хъэтI щхьэхуэ, езым и темэрэ и псэлъафэрэ зиIэж тхакIуэ гъэщIэгъуэну зэрыщытар.

«Тхыгъэ мащIэ и къалэмыпэм къыщIэкIакъым Мэзыхьэ Борис. Абыхэм еджа дэтхэнэми гу лъимытапIэр иIакъым Борис и гъуазэр гъащIэмрэ зэманымрэ я пэжыпIэр зэрыарам - ар IэфIуи дыджуи щрети. ТхакIуэ мащIэм къащыщIакъым ар - щатха зэманыр блэкIамэ, я тхыгъэхэр псыхэкIуадэ хъурэ бзэхыжауэ. Зэманым зыдрагъэкIун щхьэкIэ, абы псалъэ дыгъэлкIэ дежьууа тхакIуэ IэрпхъуэрхэмяуцIырхъ тхыгъэ нэпцIхэрщ ар къызыщыщIар. Мэзыхьэ Борис и IэдакъэщIэкIхэм яхэбгъуэтэнукъым апхуэдэр зи натIэ хъуа тхыгъэ. Абы и къалэмыпэм къыщIэкIа зы тхыгъи дэмыхуэхауэ, я гупсысэрэ я купщIэкIэ тIорысэ мыхъуауэ, цIыхум ягу къинарэ я акъылыр дяпэкIи зэхэзехуэн зыщIыфын гуащIэкIэ псыхьауэ апхуэдэщ. Си щхьэкIэ, сэ шэч къытесхьэркъым Мэзыхьэ Борис ди литературэм, псалъэм папщIэ, ди прозэм, и хъугъуэфIыгъуэхэр зи Iэдакъэ къыщIэкIа тхакIуэ гуащIафIэхэм зэращыщым. Мэзыхьэм и цIэмрэ и гуащIэмрэ хуэчэммэ, ди литературэм и тхыдэр нэхъ фагъуэ хъунт - ар шэчыншэщ. Къэрал саугъэтрэ дамыгъэкIэ зэщIэблакъым Мэзыхьэ Борис и тхыгъэхэр (ар къызэрилэжьрэ куэд щIа пэтми). Абы нэхърэ нэхъ лъапIэщ Мэзыхьэм и тхыгъэхэм я натIэ хъуар - ахэр ди литературэм и жьантIэр яхуэфащэу зылъыса, абы и тхыдэр зыгъэбжьыфIэ тхыгъэщ, анэдэлъхубзэм и IэфIыпIэр зыхыуагъащIэрэ уи гур хагъахъуэу, жылэм яхэIуарэ цIыхум гукъинэ ящыхъуауэ», - жеIэ Къэрмокъуэ Хьэмид.

Мэзыхьэ-журналистым и гугъу пщIымэ, а къалэн мытыншри хъарзынэу ехъулIэу илъэс куэдкIэ ирихьэкIащ, а IэнатIэм щилэжьащ ущIыщытхъун Iуэху щхьэпэ куэд. Ар пасэу дихьэхат журналист IэщIагъэм. Адыгэ журналистикэм абы щхьэузыхь хуищIащ и щIалэгъуэр, Iуэху зехьэкIэм, цIыхухэр зэщIэгъэуIуэным, абыхэм я лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным, унафэ яхуэщIыным, гупышхуэм я творческэ гукъыдэжыр убзыхуным зэрыхуэIэижьри къыщигъэлъэгъуащ а IэнатIэм. «Ленин гъуэгу», иужькIэ «Адыгэ псалъэ» зыфIащыжа газетым къулыкъу зэхуэмыдэ зыбжанэ щрихьэкIащ, редакцэм щыIэ лэжьыгъэ лIэужьыгъуэ псори игъэунэхуащ, IэнатIэ къэс езым и Iуэху бгъэдыхьэкIэм и лъэужь къыщигъанэу.

Мэзыхьэ Борис 1982 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 15-кIэ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьащ. Ари ирикъунт зылI ищIэну. Ауэ Борис а гъэ дыдэм щегъэжьауэ а къалэным и гъусэу зэрихьащ ди республикэм и Журналистхэм я союзым и унафэщI къулыкъури. Емышу и гуащIэ хилъхьащ жылагъуэ лэжьыгъэми.

Газетым и редакцэм щыщылэжьа зэман мымащIэм, илъэс 28-м, Мэзыхьэм къаруушхуэ ирихьэлIащ республикэ мыхьэнэ и пщалъэу адыгэбзэкIэ къыдэкI ди газет нэхъыщхьэр егъэфIэкIуэным, и бзэр узэщIыным, хэкум Iуэхугъуэшхуэу къыщыхъу псоми жану пэджэжу ар къыдэгъэкIыным. А зэманырщ зыхуэзэр ди бзэр тэмэму джыным, къэгъэсэбэпыным, ди хабзэ дахэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным пыщIа Iуэхугъуэшхуэхэм газетым и гупэ нэхъ щыхуигъэзар. Пэжщ, къэралым къыщыхъуа зэхъуэкIыныгъэ инхэр а псоми я лъабжьэщ. Ауэ газетым и унафэщIыр, журналист гупыр а зэхъуэкIыныгъэм хуэмыхьэзыру къыщIэкIамэ, зэрыхъунур гурыIуэгъуэт.

Пэжщ, бзэм телажьэр газетым и закъуэкъым, ауэ республикэм адыгэбзэкIэ къыщыдэкI газет закъуэм абы и хъумэнымрэ зегъэужьынымкIэ зэфIигъэкIыр къыпхуэмылъытэнщ. ГъащIэм къигъэув упщIэ куэдым я жэуап щыбгъуэту, гъэсэныгъэм, щIэныгъэм, узыншагъэм, экономикэм, политикэм, тхыдэм, щэнхабзэм теухуа тхыгъэ купщIафIэхэр сытым дежи абы и напэкIуэцIхэм иту къогъуэгурыкIуэ ар лIэщIыгъуэ псо хъуауэ. Ахэр адыгэбзэ шэрыуэкIэ, дахэкIэ, къулейкIэ тхауэ щытыным мыхьэнэшхуэ иритырт Мэзыхьэм.

ИщхьэкIи къызэрыщыхэдгъэщащи, IуэхугъуэщIэхэм я зэхэублакIуэт Борис. Мэзыхьэ-редакторырщ зи фIыгъэр зэкъуэш республикищым - Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым - адыгэбзэкIэ щытрадзэ газетхэм я номер зэхэтхэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ къыдэкIыныр хабзэ зэрыхъуари. Къыпхуэмылъытэн хуэдизщ, хамэ къэралхэм я мызакъуэу, ди къэралми, ди Кавказ Ищхъэрэ дыдэми щикъухьа адыгэ лъэпкъыр зэшэлIэжын, я псэукIэкIэ, я лэжьыгъэкIэ, я культурэкIэ нэхъ зэрыщIэ хъун папщIэ, а номер зэхэтхэм мыхьэнэуэ яIэр.

Адыгэхэр нэхъ зэгъэуIуауэ щыпсэу республикищым - Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым - ди бзэкIэ дунейм къыщытехьэ газетхэр зэгъусэу къыдэгъэкIыным илъэс зыбжанэкIэ егупсысат Мэзыхьэр. 1982 гъэм, СССР-м и Журналистхэм я союзым и X съездым кIуауэ, абы теухуауэ епсэлъат «Социалистическэ Адыгейм» и редактору щыта Андырхъуей Жантемыр, ауэ Iуэхур къыдищтакъым, «националист» къытфIащынщ, жиIэри. А лъэхъэнэ дыдэм «Ленин нурым» и редактору лэжьа Шурдым Кушыкуи зытригъэхьатэкъым...

Ауэ а зэман дыдэм къигъэуват гъащIэм зэпэIэщIэ ищIа лъэпкъыр зэрызэрыцIыхужын, гурэ псэкIи, псалъэкIи, IуэхукIи зы хъужын щхьэкIэ Iуэхугъуэ гуэрхэр щIэн хуейуэ. Театрхэр, филармониехэр, джэгуакIуэ щхьэхуэхэр зэкIэлъыкIуэу, загъэлъагъуэу щытми, нэгъуэщI зэпыщIэныгъэ яIэтэкъым. Уеблэмэ, зэкъуэш тхакIуэхэм, журналистхэм ныбжьэгъугъэ яку дэлъыпхъэу къалъытэртэкъым. ЗызэпащIэну зэрыхуейр, зэрыпсэур, зэрыщыIэр ягу къихауэ зэхуаIуатэу зэрыгъэпсыпхъэр Мэзыхьэм игу хуигъэхуртэкъым. Абы хьэкъыпIэкIэ къыгурыIуэрт лъэпкъыр зэришэлIэжыным къару куэд ехьэлIэн, ар къыдэзыщтэн иIэн зэрыхуейр. Ар зыхузэфIэкIынур, псом япэрауэ, цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iэмалхэрат - газетхэрат.

Аргуэру Мэзыхьэм захуегъазэ Ады-гей Республикэмрэ Къэрэшей-Шэрджэсымрэ къыщыдэкI адыгэ газетхэм я редактору ягъэувахэм - Мэрэтыкъуэ Рэмэзанрэ Къардэн Мухьэмэдрэ. Борис и жэрдэм дахэр дащтащ редакторыщIэхэми ахэр зи пашэ гупхэми. Апхуэдэу псыпэр ирашэжьащ. Япэ «летучкэхэм», журналистхэм фIэкIа зыхэмытахэм, къакIэлъыкIуащ лэжьакIуэ гупхэр, щIыпIэхэм щыIэ власть органхэм я унафэщIхэр къыздекIуалIэхэр. Абыхэм зэпсэлъэныгъэ, зэдэуэныгъэ куухэр ирагъэкIуэкIырт, Iуэхум хуэщхьэпэну гукъэкIхэр щащIырт. Журналистхэр зэхуэсхэм щытепсэлъыхьырт дунейм къытехьа къыдэкIыгъуэщIэр къазэрехъулIам, къадэмыхъуахэм, дяпэкIи гулъытэ зыхуащIыпхъэхэм. Апхуэдэхэм деж Мэзыхьэм и гупсысэр IупщI дыдэу, я зэпыщIэныгъэм адэкIи зэрызригъэужьыным хущIэкъуу абы нэхъыфIу къилъытэр жиIэрт. Журналистым и тхыгъэм уасэ щыхуищIкIэ наIуэ хъурт къыдэкIыгъуэм къытехуа тхыгъэхэм набдзэгубдзаплъэу зэрыхэплъар, и чэнджэщхэм ныбжьыщIэхэм дерс къызэрыхахынум хуэдэу зэригъэпсыр. Апхуэдэт Мэзыхьэ Борис, арат абы и лэжьэкIэр, зыпэрыт Iуэхум нэгъэсауэ щыгъуазэу щытын хуейт. ИужьыIуэкIи Борис и гукъэкIыр илъэс зэхуэмыдэхэм газетхэм я редактор нэхъыщхьэ хъуахэм даIыгъащ, икIи ноби а лэжьыгъэм къыпащэ.

«Сэ лъэпкъ газетым илъэс 28-кIэ сыщылэжьащ, корреспондент нэхъыщIэу сыуври, редактор нэхъыщхьэм нэс гъуэгуанэр зэпысчащ, абы къыхэкIыуи «Адыгэ псалъэм» нэхърэ сэр-кIэ нэхъ лъапIэ газет щыIэкъым. ЩыIэкъым, си къару куэд есхьэлIащи, лъапIэщ, цIыху дахэ куэдым сащрихьэлIащи, гуапэщ, сыт хуэдэцIэ зэрихьами, лъэпкъым хуэлажьэу къокIуэкIри. СегъэгуфIэ дэ къетхьэжьа Iуэхугъуэ зыкъомым, хыфIимыдзэжауэ, ноби газетым зэрыпищэр. Абы къикIращи, нэхъапэм редакцэм щIэса журналист нэхъыжьхэм я гуащIэр псыхэкIуадэ хъуакъым, абыхэм къакIэлъыкIуахэм я Iуэхум дэгъуэу пащэ, япэкIэ ягъэкIуатэ. ЛIакъуэхэм я къуэпсыр зэпычакъым», - жиIауэ щытащ Мэзыхьэ Борис.

Борис зыцIыхуу щытахэм, къыдэлэжьахэм зэрыжаIэжымкIэ, ар гъэсэныгъэ дахэ, хабзэшхуэ зыхэлъ, пщIэ зиIэ, цIыхур зылъытэу щытащ. «Мэзыхьэ Борис бгъэдэлът цIыхугъэ щытыкIи, лэжьакIуэ хьэл-щэни, ныбжьэгъугъэ пэжи. ШыIэныгъэшхуэ хэлът абы. Псом хуэмыдэу ар наIуэ къыщыхъуар унафэщI къулыкъум щыпэрытарщ. И унафэм щIэтым зыгуэркIэ лэжьыгъэр къызэпиудамэ е щхьэусыгъуэ гуэркIэ игу зригъэбгъамэ, макъ зегъэIэт къыхэмыкIыу, хуабжьу пкърыхьэ жыIэкIэкIэ зригъэцIыхужырт - игъэукIытэрт, ауэ губжьыр зэи зытригъэкIуакъым. И зыIыгъыкIэ къудеймкIэ пщIэ зыхууигъэщIырт, сыт щыгъуи нэщхъыфIэт, и унафэ щIэтхэм я лъэр игъэжану. Гудзакъэ зиIэ редактор нэхъыщхьэу щытащ, удэлэжьэнуи укъыдекIуэкIынуи хуабжьу цIыху тыншт», - къыхощыж абы къыдэлэжьахэм я гукъэкIыжхэм.

Мэзыхьэ Борис езым и псалъэхэмкIэ жытIэнщи, зэгуэр «гурыщIэ пщтыр зыхуищIа «пщащитIым» - литературэмрэ журналистикэмрэ - зыр адрейм япэ иримыгъэщу хуэпэжащ, ахэр егъэфIэкIуэнымкIэ хузэфIэкIыр ищIэу псэуащ. И гъащIэр хуигъэпсащ адыгэ литературэмрэ журналистикэмрэ я зыужьыныгъэм, абыхэм ятригъэкIуэда гуащIэдэкIырщ лъэпкъ тхыдэм и абы цIэр къыхэзынари.



**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

● Дифl догъэлъапlэ

# ЗэфIэкI лъагэ

**Бзэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ, филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Бырсыр Батырбий Мыхьмуд и къуэр ящыщщ бгъэдэлъ зэфIэкI лъагэхэмкIэ, щIэныгъэ куурэ акъылыфIагъкIэ зи цIэр жыжьэ Iуа ди лъэпкъэгъухэм. Педагогикэмрэ социальнэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей академием, ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием (ЩIДАА) я академик Бырсырыр Адыгэ Республикэм, Кубаным щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ. Лъэпкъ щIэныгъэм и къызэгъэпэщакIуэ нэсу къалъытэ а адыгэлI щэджащэращ Адыгэ Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и япэ министру щытар. А IэнатIэм нобэкIэ зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэм хэлъхьэныгъэ ин хуищIащ Батырбий, адыгэ щIыналъэм щIэныгъэм зыщиужьыным и зэфIэкI куэд хилъхьэу. ЛъэпкъылI щэджащэм и ныбжьыр нобэ, мэлыжьыхьым и 6-м, илъэс 85-рэ ирокъу.**



ГЪАЩIЭ дахэ, лъэпкъым къыхуэщхьэпэн Iуэхугъуэ куэдкIэ гъэнщIа илъэс купщIафIэхэр ирихьэкIащ Бырсыр Батырбий. Адыгейм хыхьэ Щоджэн куейм и Хьэкурынэхьэблэ къуажэм къыщалъхуащ ар. Курыт школыр фIы дыдэу къиуха нэужь, щIалэщIэм мурад ищIащ я унагъуэм защIигъэкъуэну икIи илъэситI-щыкIэ щылэжьащ я жылэм щызэхэт колхозым. Махуэ псом губгъуэм итами, къару имыIэжу ешауэ унэм къекIуэлIэжми, еджэныр зи гуращэ щIалэр тхылъым кIэрыст: имыщIэ зригъащIэрт, ищIэхэри къипщытэжырт. 1958 гъэм Бырсырым и хъуэпсапIэр зыIэригъэхьащ. Ар щIэтIысхьащ Тбилиси дэт къэрал университетым и филологие къудамэм. Абы Батырбий кууурэ щыхуеджащ кавказыбзэхэм, абыхэм зэщхьу, зэщхьэщыкIыныгъэу яIэр, дэтхэнэми и ухуэкIэр, хьэлэмэтагъыу яхэлъыр зыгуригъэIуащ.

ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ зригъэгъуэтауэ Бырсырыр щалъхуа щIыналъэм къэкIуэжащ 1963 гъэм. ЩIалэщIэм и IэщIагъэмкIэ лэжьэн щыщIидзащ Щоджэн куейм хыхьэ Пщыжь къуажэм дэт курыт школым. Зи IэнатIэм гурэ псэкIэ бгъэдэт егъэджакIуэ щIалэм, зи анэдэлъхубзэр зи псэм хэлъу къэхъуам, занщIэу къыдихьэхащ еджакIуэ цIыкIухэри, абыхэм я адэ-анэхэри, къыдэлажьэхэри, школ унафэщIхэри. Абы и гъэсэнхэм хуэдэу адыгеибзэм хуэшэрыуэ еджапIэм щумыгъуэтынми ярейт. Езы егъэджакIуэми бгъэдэлъ щIэныгъэм, зэфIэкIым махуэ къэс хигъахъуэрт. Куэд дэмыкIыу Бырсырыр школ унафэщIым и къуэдзэу ягъэуващ. И къалэнхэр нэхъыбэ хъуами, Батырбий и IэщIагъэм хуиIэ хьэлэмэтагъым, лэжьыгъэм зэрыхущыт щIыкIэм хэщIатэкъым, нэхъри зиужь, ефIакIуэ мыхъумэ.

Апхуэдэ щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, жыджэрагъышхуэ зыхэлъ щIалэм гу лъамытэу къэнакъым. 1966 гъэм Бырсырыр ирагъэблэгъащ Адыгей techniques педин-ститутым. Курыт школым зяужь щихьа къэхутэныгъэхэр и лъабжьэу абы кандидат лэжьыгъэ хъарзынэ игъэхьэзыращ икIи ехъулIэныгъэ иIэу ар пхигъэкIащ. 2001 гъэм доктор диссертацэри игъэзэщIащ. Бырсырым и къэхутэныгъэхэр теухуат адыгэ глаголхэм я зэхэтыкIэм, ахэр абхъазыбзэм, убыхыбзэм, нэгъуэщI иберий-кавказыбзэхэм егъэпщэным.

И щIэныгъэм зэрыхигъахъуэм хуэдэу, Батырбий и къулыкъукIи дэкIуейрт. Институтым адыгеибзэмкIэ и кафедрэм ассистенту лэжьэн щыщIэзыдза щIэныгъэлI щIалэр 1973 гъэм институтым и филологие факультетым и унафэщIым и къуэдзэ, итIанэ адыгеибзэ, урысыбзэ кафедрэхэм я доцент хъуащ.

Адыгеибзэр джыным ехьэлIа щIэныгъэ-къэхутэныгъэ инхэр иригъэкIуэкIащ Батырбий лIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм я пэщIэдзэм. Абы иужькIэ профессор Бырсырыр институтым адыгеибзэмкIэ и кафедрэм и унафэщIу илъэс зыбжанэкIэ лэжьащ. А зэманым къриубыдэу щIэныгъэлI пажэм къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр зэфIихащ. Ахэр нэхъыбэу ехьэлIат адыгэ, убых, абхъаз бзэхэм хэт глаголхэм я ухуэкIэм зэщхьу хэлъымрэ зэщхьэщыкIыныгъэу яIэмрэ. Апхуэдэу абы лэжьыгъэшхуэ ирихьэлIащ адыгеибзэм и пэжырытхэ хабзэхэр зэхэгъэувэным, анэдэлъхубзэм и орфографие псалъалъэ зэхэлъхьэным. Батырбий игъэхьэзыращ икIи дунейм къытригъэхьащ курыт школхэм адыгеибзэр зэрыщрагъэджыну тхылъ зыбжани. Псори зэхэту къапщтэмэ, щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэу 150-м щIигъу иIэщ Бырсыр Батырбий. Абыхэм ящыщ куэд щIэныгъэлIым хуигъэпсащ Косовэ (Югославие), Иорданием щыпсэу адыгэхэм я бзэр, адыгэ морфологиемрэ синтаксисымрэ я хабзэхэр джыным.

СССР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм и унафэкIэ, Бырсырыр и унагъуэр и гъусэу 1988 гъэм Германием кIуащ. Урысыбзэр еджапIэ нэхъыщхьэхэм щригъэджу илъэсищкIэ абы щыIащ щIэныгъэлIыр. И Iуэхур дэкIыу щыIэ пэтми, хамэ щIыпIэр къытехьэлъэрт хэкупсэм икIи абы къыхэкIыу и щIыналъэм къимыгъэзэжын лъэкIакъым.

Бырсырыр Германием къыщикIыжа зэманыр ирихьэлIащ ар къыщалъхуа щIыналъэм зэхъуэкIыныгъэхэр щыщекIуэкIа лъэхъэнэ къызэрымыкIуэм. 1922 гъэм Адыгэ (Шэрджэс) автоном щIыналъэу къызэрагъэпэщу 1928 гъэм Адыгэ автоном областу ягъэувыжа щIыпIэм лIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм и пэщIэдзэм, 1991 гъэм, зи щхьэ хущытыж статус игъуэтри, Адыгэ Республикэ хъуауэ щытащ. Зэрыхабзэу, абы къыщызэрагъэпэщащ икIи лэжьэн щыщIадзащ хабзэубзыху, гъэзэщIакIуэ къэрал IэнатIэ нэхъыщхьэхэм. 1992 гъэм Бырсырыр ягъэуващ щытащ Адыгэ Республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министру. А къэрал къулыкъу лъагэр, жэуалыныгъэшхуэ зыпылъ къалэныр илъэситхукIэ щытхъу пылъу ирихьэкIащ Батырбий.

ЖыпIэнурамэ, министру зэрылэжьа зэманым къриубыдэу Бырсырым лэжьыгъэшхуэ зэфIихащ а IэнатIэщIэр зэфIигъэувэнымкIэ, зыужьыныгъэм и гъуэгум тригъэувэнымкIэ. Лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ ахъырзэманым и унафэм щIэту гъэхьэзыра хъуащ егъэджэныгъэм иджы щытепщэ Iуэху зехьэкIэщIэхэр, убзыхуа хъуащ гулъытэ нэхъ зыхуащIыну унэтIыныгъэщIэхэр. ЗэхъуэкIыныгъэхэм я лъэхъэнэм гугъуехь куэд зытелъа курыт школхэм зыкъаужьыжащ, я бжыгъэми къыхэхъуащ. ЕджапIэ нэхъыщхьэхэращи, Мейкъуапэ къыщызэIуахауэ щытащ къэрал технологие университет (МГТУ), Адыгей къэрал пединститутыр и лъабжьэу къызэрагъэпэщащ Адыгей къэрал университет. Апхуэдэу Мейкъуапэ къыщызэIуахауэ щытащ Кубань къэрал медицинэ академием и къудамэ, Урысейпсо математикэ еджапIэ, Бзэхэр щадж «Актив» филологие центр ин.

Апхуэдиз ехъулIэныгъэм, шэч хэмылъу, и гуащIэшхуэ хэлът щIэныгъэлI щыпкъэ, лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакIуэ хьэлэмэт министр Бырсыр Батырбий. Ар хагъэхьащ Урысей Ипщэм къыбгъэдэкIыу УФ-м ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ и министерствэм и нэIэм щIэту лажьэ советым. И лъахэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ щезыгъэфIэкIуэн Iуэхугъуэ щхьэпэ куэд абыи щызэфIихащ Бырсырым. ЩIыналъэ егъэджэныгъэм хуэщхьэпэ Iуэхухэм къадэкIуэу, а зэманым Бырсырым анэдэлъхубзэм и IуэхукIэ зэгурыIуэныгъэ зэхуэмыдэхэр яриухылIащ Израилым, Сирием, Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм ядэлэжьэну. Кавказыр джынымкIэ институт Израилым къызэрыщызэIуахауэ щытар зи фIыгъэр а щIэныгъэлIырщ.

Жэуаплыныгъэ зыпылъ, лъэпкъпсо мыхьэнэ зиIэ а лэжьыгъэхэм ящIыгъуу, Батырбий а лъэхъэнэми иригъэкIуэкIащ щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэр. 2001 гъэм Бырсырым хьэзыр ищIащ ноби щIэупщIэшхуэ зиIэ и доктор диссертацэр. Адыгэ глаголхэр нэсу щызэпкърыха, абыхэм я зэхэлъыкIэри тхыдэри щыубзыхуа лэжьыгъэшхуэм щIэныгъэлIым наIуэ къыщищIащ а Iуэхум ехьэлIауэ иIэ еплъыкIэхэр. Ахэр абы еджэныгъэм хилъхьащ зыщылажьэу щыта университетым адыгеибзэмрэ адыгей щэнхабзэмкIэ и факультетым и декану лажьэкIэрэ. «Бзэ къулейсыз щыIэкъым - щыIэр зи бзэр зымыщIэ цIыху къулейсызщ», - а псалъэ Iущхэр жызыIэрей Бырсырым и Iуэху бгъэдыхьэкIэхэрщ факультетым иджыри щыпэрытыр. Лъэпкъ щIэныгъэм и лэжьакIуэ пажэхэм ящыщ Бырсырыр 2009 гъэм къыщыщIэдзауэ 2017 гъэ пщIондэ и пашэу щытащ Адыгэ Республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ и щIэныгъэ институтым.

Адыгэ щIэныгъэлI цIэрыIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ емызэш Бырсыр Батырбий нобии щIэныгъэ, къару, зэман куэд ирехьэлIэ лъэпкъ щIэныгъэм зегъэужьыным. Абы къызэрилъытэмкIэ, иджырей егъэджэныгъэр, щIэныгъэ-къэхутэныгъэр ухуэн хуей мэхъу мылъкукIэ щIэгъэбыда лъабжьэ лъэщ щымыIэу. ИтIани абы къелъытэ къэхутэныгъэщIэхэр зи плъапIэ лъэпкъ щIэныгъэлIхэр я къару емыблэжрэ я зэфIэкIыр къагъэсэбэпурэ дапщэщи зэрылажьэр. ЩIэныгъэр ехъулIэныгъэщIэхэм хуэзышэр арауи жеIэ. Къапщтэмэ, апхуэдэущ езы Бырсырым дзыхь къыхуащI дэтхэнэ IэнатIэри сыт щыгъуи зэрырихьэкIар. Аращ абы жылагъуэм пщIэшхуэ, нэмыс, лъытэныгъэ щIыщиIэр.

И лэжьыгъэфIхэм папщIэ Бырсырым къыхуагъэфэщащ къэрал дамыгъэхэр, цIэ лъагэхэр. Ар УФ-м цIыхубэ егъэджэныгъэмкIэ и отличникщ, къэралым цIыхухэм щIэныгъэ нэхъыщхьэ етынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ, Адыгэ Республикэм, Кубаным щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэщ, Педагогикэ, социальнэ щIэныгъэхэмкIэ Урысей академием хэтщ. Батырбий къыхуагъэфэща дамыгъэ лъапIэхэм ящыщщ «АКъУ-м и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» медалыр (2010 гъэ), Адыгэ Республикэм и Къэрал Советым - Хасэм къыбгъэдэкI «Хабзэ. Къалэн. ЩIыхь» (2014 гъэ) дамыгъэр, «АКъУ-р илъэс 75-рэ ирокъу» медалыр (2015 гъэ), Абхъаз Республикэм «ЩIыхьрэ ФIыщIэрэ» и орденыр (2015 гъэ), «Адыгэ Республикэр илъэс 25-рэ ирокъу» (2016 гъэ), нэгъуэщIхэри. Иужьрейуэ Бырсыр Батырбий къыхуагъэфэщахэм ящыщщ «Адыгейм и ЩIыхь» медалыр. Къыхэдгъэщынщи, ар Адыгэ Республикэм и къэрал дамыгъэ нэхъ лъагэ дыдэщ. Апхуэдэ гулъытэ лъапIэр лъэпкъ еджагъэшхуэм, хэкупсэ нэсым къилэжьащ бгъэдэлъ зэфIэкI инхэмкIэ.

А псоми къадэкIуэу, Бырсырыр апхуэдэуи жылагъуэ лэжьакIуэ емызэшщ. Адыгэ Iуэхум игъэпIейтей Бырсырыр жыджэру хэтщ лъэпкъ зэгухьэныгъэхэм, Iуэхуфl куэдым я жэрдэмщIакIуэу. Лъэпкъ зыужьыныгъэм гурэ псэкIэ хуэлажьэ щIэныгъэлIхэри «сыкъыщалъхуа си Хэку, си лъэпкъ, си лIакъуэ» жызыIэ дэтхэнэ адыгэри, малъхъэдисым гъущIыкIэ цIыкIухэр зэрызыщIишэм ещхьу, зэзышалIэ Адыгэ Академием илъэс куэд лъандэрэ хэтщ Батырбий. А цIыху пэрытхэм хуэдэу, щIэныгъэлI пажэм бгъэдэлъ акъылыр, зэфIэкIыу иIэр адыгэ лъэпкъым и ехъулIэныгъэм хуегъэпс. ПщIэ хуащIу, ар хахащ ЩIДАА-м и япэ вице-президенту.

Адыгейм и мызакъуэу, нэгъуэщI къэрал куэдми къыщацIыху Бырсыр Батырбий Мыхьмуд и къуэм, зэфIэкI лъагэ зиIэ еджагъэшхуэм, хэкулI, щIэныгъэлI щыпкъэм, хэкупсэ нэсым, дохъуэхъу лъэпкъым ифI къызэрыкIын лэжьыгъэ щхьэпэ куэд иджыри зэфIихыну, узыншагъэ, гъащIэ кIыхь иIэну, и унагъуэм, адыгэ лъэпкъым я нэхъыжьыфIу куэдрэ псэуну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● Ди махуэгъэпс



# ЩIым щIэлъхэр къагъэнаIуэ

**Дыкъэзыухъуреихь дунейм и хъугъуэфIыгъуэхэр къэбгъэсэбэп зэрыхъунум ЩIы Хъурейм ижь-ижьыжкIэрэ щыпсэуа цIыхухэми гу лъатат.**

ГЕОЛОГИЕМ ехьэлIа сатырхэм дыкъыщоджэ алыдж еджагъэшхуэхэу Пифагоррэ Аристотелрэ къызэранэкIа я тхыгъэхэми, щIэныгъэм а и къудамэри зыджа философ, сурэтыщI, тхакIуэ цIэрыIуэ Леонардо да Винчи и лэжьыгъэхэми. АрщхьэкIэ, геологие щIэныгъэм зиужьын щыщIидзар щIым къыщIах хъугъуэфIыгъуэхэм цIыхухэр нэхъ хуэныкъуэ щыхъуа XVIII лIэщIыгъуэращ. Ауэрэ, абы пыщIа IэщIагъэхэри дунейм къытехьащ.

1966 гъэм КъухьэпIэ Сыбырым къыщагъуэтащ щIыдагъэрэ газрэ куэдыщэу здэщыIэ щIыпIэ. ИкIи, академик Яншин Александр зи пашэ гупым я жэрдэмкIэ, а илъэс дыдэм мэлыжьыхьым и япэ тхьэмахуэр Геологым и махуэу СССР-м щагъэуващ. Ар ягъэлъапIэ геофизикхэми, геоморфологхэми, шахтэ кIуэцIхэм щылажьэхэми, «маркшейдер» цIэ телъыджэр зыфIащу бгыхэм щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр къэхутэным зи IэщIагъэр тезыухуа инженерхэми.

Урысейм геолог IэщIагъэ къыщыгъэунэхунымкIи щIым щIэлъ хъугъуэфIыгъуэхэр къэхутэнымкIэ къэрал IуэхущIапIэ къыщызэгъэпэщынымкIи япэ дыдэу унафэ зыщIауэ щытар Петр Езанэрщ. Ар къыщыхъуар 1700 гъэращ.

Геологым и махуэр щагъэлъапIэ СССР-м хыхьэу щыта языныкъуэ адрей хэгъэгухэми: Украинэм, Белоруссием, Къыргъызым.

Ди къэралым и щIыналъэр икъусыкъужкIэ хэшауэ зэрыабрагъуэр къэтлъытэмэ, геологхэм щылэщэн-щылэжьэн щIыпIэу куэдыщэ зэрыщагъуэтри гурыIуэгъуэщ, цIыхухэм мащIэ дыдэу фIэкIа узыщримыхьэлIи щымыпсэуи яхэту. А псоми къахэкIыу, геологхэр махуэ бжыгъэкIи пхузэщIэмыгъэхьэн зекIуэ гъуэгуанэ кIыхьхэми техьэн хуей мэхъур, зылъыхъуэ «хъугъуэфIыгъуэхэм» IущIэн папщIэ, илъэс бжыгъи трагъэкIуадэу.

♦ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, ЩIы Хъурейм илъэс меларди 4,5-м нэблагъэ и ныбжьщ.

♦Кольскэ хытIыгуныкъуэм щыпхаугъуэныкIа мащэ нэхъ ин дыдэм километр 12,26-рэ и кууагъщ. Абы и лъабжьэм хуабэр градус 220-м щынос.

♦Антарктидэм щыIэ Эребус мафIэбгыр бахъэ къихупIэщ. ПсыIагъэм и жахуэхэр щIым къызэрытехьэу мэщт, асыхьэту мыл щохъури, абдеж дыдэм къат-къатурэ щызэтрещIэ.

♦Тыркумэн хэгъэгум и Дарваз кратерым цIыхухэр «жыхьэнмэм и бжэкIи» йоджэ. 1971 гъэм геологхэм абдежым щIыр щаугъуэным зи кур нэщI бгъуэнщIагъ куу дыдэ къыщыщIагъэщащ. Абы кърихуу щIэзыдза гъуэзыр цIыхухэм я узыншагъэм дежкIэ зэран хъууэ къалъытэри, щIым къытрамыгъэхьэн щхьэкIэ, мафIэ щIадзащ. Ар иджыри къыздэсым мыункIыфIыжауэ маблэ.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# Уэрэдыжьхэм я дунейм

*«Къардэнгъущl Зырамыку игъэзащlэу щыта адыгэ лъэпкъ уэрэдхэр» («Сборник адыгских народных песен из репертуара Зарамука Кардангушева») тхылъыр къыдэкlащ КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм я илъэси 100-м ирихьэлlэу. Зырамыку жиlэу щытауэ уэрэд 46-рэ итщ абы. Тхылъыр къыдэгъэкlыныр жэрдэм ищlауэ щытащ республикэм щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ Ащхъуэт Людмилэ. Уэрэдхэм елэжьащ, зэхуихьэсащ, къыдэкlыным хуигъэхьэзыращ КъБР-м и цlыхубэ артист, Ингуш Республикэм щlыхь зиlэ и артист, Урысейм ис лъэпкъхэм я Артиадэм и лауреат, Бахъсэн къалэм Щэнхабзэмкlэ и уардэунэм и унафэщlым и къуэдзэ Зеущэ lэуес. Тхылъыр lыхьэ-lыхьэурэ зэпыудащ: «Нартыжь пшыналъэхэр», «Лlыхъужь, фэеплъ уэрэдхэр», «Цlыхухъу тхьэусыхэ уэрэдхэр», «Цlыхухъу гъыбзэхэр», «Цlыхубз гъыбзэхэр», «Лъагъуныгъэ уэрэдхэр», «Гушыlэ, ауанышl уэрэдхэр». Тхылъыр художественнэу игъэщlэрэщlащ сурэтыщl Зеущэ Арсен. Абы «Бэдынокъуэ и пшыналъэ», «Ашэмэз и пшыналъэ», «Нартыжь уэрэд», «Хьэтхым и къуэ кlасэ», «Быф Зулъкъарней и уэрэд», «Адыгэ пащтыхьхэм я тхьэусыхэ», «lэдииху», «Гуащэгъагъ и гъыбзэ», «Щауэ Нэкурэ», «Адыгэ джэгуакlуэм и теплъэ» - уэрэдипщlым сурэт ятритхыхьри, тхылъым хагъэхьащ. Зеущэ lэуес тхылъым зэрелэжьам, абы зыхуиша гупсысэхэм, Къардэнгъущl Зырамыку и уэрэдыжь дунейм телъыджэу хэлъым теухуауэ депсэлъащи, ди щlэджыкlакlуэхэм ди гуапэу дывдогуашэ.*

**- lэуес, тхылъым узэрелэжьам укъытхутепсэлъыхьын?**

- Мы тхылъым селэжьыну сытезыгъэгушхуар КъБР-м щэнхабзэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ Ащхъуэт Людмилэщ (ахърэт нэху Тхьэм кърит).

Къардэнгъущl Зырамыку игъэзащlэу щыта уэрэдыжьхэр тхылъу згъэхьэзырыну къысщыгугъыу зыкъысхуигъэзат «Уэ абы узэрыпэлъэщынур сощlэ», - жиlэри. Сэри лъэпкъ гъуазджэм апхуэдиз хэлъхьэныгъэ хуэзыщlа нэхъыжь щэджащэм къигъэна лъэужьым селэжьыну къыщысхуигъэфащэм, дауэ згъэщlэхъунт!

Макъамэм набдзэгубдзаплъэу селэжьыну хуит сыкъэзыщl щlэныгъэ щызиlэкlэ, а щlэныгъэр згъэпэжын щыхуейкlэ, мыр зыщызгъэунэхужын lуэхуфlтэкъэ! Къапщтэмэ, ари си щlэныгъэм и зы лъэныкъуэщ - макъамэм, уэрэдым я хабзэхэр кууу зэпкърыхыныр. Гушхуауэ иужь сихьащ лъэпкъ тхыдэми, гъуазджэми, щэнхабзэм и къэкlуэнуми ехьэлlа lуэхум. Тхылъыпхъэр хьэзыру, гупсысэ гуэрхэр хэлъхьэжыным фlэкlа къыхуэмытыжу, езы Люди ар илъэгъуауэ дунейм ехыжащ. Аращ тхылъым абы и фэеплъ мыхьэнэри щlиlэр.

Нэхъ иужькlэ, тхылъыпхъэм сыхэлэжьыхьыжащ хъарзынэу: уэрэду нэхъыбэ къызэщlезгъэубыдащ, художественнэу дгъэщlэрэщlащ, и теплъэми си гур хуэзгъэзэгъащ.

Илъэсийкlэ сызэлэжьа тхылъыр 2022 гъэм, Къэбэрдей-Балъкъэрыр, къуэш республикэхэр илъэси 100 щрикъум ирихьэлlэу, и кlэм нэзгъэсри къыдэзгъэкlащ. Апхуэдэу щыхъум, сэри ар илъэси 100 -м щlыхь хуэсщlащ. Тхылъым и мыхьэнэр нэхъри куу ищlауэ си гугъэщ абы и теплъэм. Япэ напэкlуэцlым ди къэралым и Президент Путин Владимир макъамэ гъуазджэм теухуауэ жиlа псалъэхэр, республикищым я lэтащхьэхэу Кlуэкlуэ Казбек, Темрезов Рашид, Кумпlыл Мурат сымэ жаlахэр къыщысхьащ.

Тхылъыр дунейм къытехьэн папщlэ хуабжьу сэбэп къысхуэхъуащ Бахъсэн щыщ щlалэ хъарзынэ, политик цlэрыlуэ, Урысей Федерацэм и Къэрал Думэм и депутат Быф Анатолэ. Абы и мылъку къыхилъхьащ тхылъыр екlуу, гъэщlэрэщlауэ, тхылъымпlэфlкlи те-дзауэ къыдэкlыным.

Тхылъым къыщыхьа сурэтхэр ищlащ ди щlалэ нэхъыжьым. Арсен сурэтыщlщ, скульпторщ, гъуазджэм и пlалъэр ещlэ. И лэжьыгъэхэм ящыщ ущеплъыфынущ щэнхабзэмкlэ «Акрополь» центрым. Атlэ мы тхылъым ит уэрэдхэм ящыщу пщlы къыхихщ, едаlуэри, абыхэм ящlэлъ гупсысэр къищу сурэтхэр яхуищlащ.

**- 2014 гъэм къыщlэбдзэри, 2022 гъэ пщlондэ тхылъым уелэжьащ. Къардэнгъущl Зырамыку и уэрэд гъэзэщlэкlэм сыт гъэщlэгъуэну хэплъэгъуа?**

- Тхьэм уигъэпсэу абы узэрыщlэупщlам щхьэкlэ! Пэжщ, гъуазджэ дунейм ущыхэтым деж куэдым гу зылъамытэхэр къыболъагъуф, псэкlэ дахагъэм улъоlэсыф. Сэри мы уэрэдыжьхэм къыхэзубыдыкlащ гупсысэ куэд, сыщыпсэуащ а дунейм. Зырамыку и уэрэд жыlэкlэр сигу дыхьэрт сыт щыгъуи. Ауэ, мы тхылъым семылэжьатэмэ, апхуэдизу кууэ абы и макъым сегупсысыну, зэпкърысхыну къыщlэкlынтэкъым. Къардэнгъущlым и макъ дэшеикlэ-ешэхыкlэр зыми хэгъуэщэнукъым. Абы уэрэдым теухуауэ щlэныгъэ иlакъым, хабзэм тету иутlыпщыртэкъым и макъыр, атlэ гурыгъуазэкlэ жиlат уэрэдыр. Ущедаlуэкlэ уи псэр мэтынш - ухохьэ макъамэм. Фондым къыхэнащ Къардэнгъущlым игъэзащlэу щыта уэрэди 100-м нэс. Нэхъыщхьэращи, мы уэрэдыжьхэр лъэпкъым ди макъамэ тхыдэ хъугъуэ-фlыгъуэщ.

Сыхуейщ тхылъыр нэхъыбэм яlэну, адыгэ унагъуэхэм илъыну. Абы папщlэ дэри тиражым къыхыдогъахъуэ. Зыкъомым тыгъэ яхуэтщlащ, школхэм, библиотекэхэм, щэнхабзэмкlэ унэхэм абыкlэ дахуэупсэну ди гугъэщ.

**- Тхылъ щапlэхэм щlэлъ мыр хьэмэрэ вгуэшу ара?**

- Абыи сытепсэлъыхьыну сыхуейт. Тхылъ щыlэщ пщэ мыхъуну. Мыр абыхэм ящыщщ. Тхылъым итщ цlыхубэм фlыуэ ялъэгъуа, куэдым дзапэ уэрэду кърахьэкlхэр. Уэрэдхэм я купщlэр зэрыкуум нэмыщl, гущlэм зыкъыдэзыгъазэ гъащlэ хъыбархэр яхэлъщ. Мыхэр зыгуэрым и гуауэщ, и нэпсщ, и щхьэегъэзыпlэщ - губампlэ ирыдахащ. Къапщтэмэ, дунейпсо гъуазджэм и лэжьыгъэ нэхъ цlэрыlуэ дыдэхэр гуауэрщ къызыхэкlар. Гуауэм цlыхум и гур къыщрегъэуд.

**- Тхылъым теухуа пшыхьхэр республикэм щекlуэкlащ**...

- Ар къыдэкlри, Бахъсэн щlыналъэм и администрацэм и унафэщl Балъкъыз Артур и гукъэкlкlэ, Хьэтlохъущыкъуей къуажэм абы щыхуэтщlащ пшыхь.

Иджыблагъэ Налшык дэт Къэрал концерт гъэлъэгъуапlэми щекlуэкlащ тхылъым теухуа пшыхь дахэ. Пэшышхуэм щlэзу щlэсащ цlыхур. Къекlуэлlахэм псалъэ дахэ куэд зэхызагъэхащ. lуэхум хэтащ адыгэ уэрэдыжьхэр зыгъэзащlэ гупхэр: Блашэ Владимир зи унафэщl «Шэджэм псыкъелъэхэр», Хьэмдэхъу Эльвирэ зи унафэщl «Джэгуакlуэ»-р, Жылау Арсен зи унафэщl «Кавказ»-р. Абыхэм жаlащ Къардэнгъущl Зырамыку игъэзащlэу щыта уэрэдыжьхэм ящыщхэр. Пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэджыlакlуэхэу Тхьэкlумащlэ Аслъэн, Шыкlэбахъуэ Ислъам сымэ. Ислъам «Бэчмырзэ и тхьэусыхэ» уэрэдыр нэхъыжьыфlым и пщlэм хуэфащэу зэригъэзэщlам ди гур хигъэхъуащ.

Къыхэзгъэщыну сыхуейщ пшыхьым щlалэгъуалэр жыджэру зэрыхэтар. Абыхэм уэрэдыжьхэр, макъамэ тхыдэр зэрафlэгъэщlэгъуэныр куэд и уасэщ. Я цlэ къисlуэнущ уэрэдыжьхэр фlыуэ зылъагъу Тхьэгъэлэдж Тамерлан, шыкlэпшынауэ Къуныжь Хьэмид сымэ. Апхуэдэу, Нэхущхэ Анзоррэ Маринэрэ зи унафэщl «Бахъсэн ауз» щlалэгъуалэ къэфакlуэ гупри къытхуеблэгъащ.

Пшыхьыр зэхуэсщlыжащ Къуэныкъуей Замиррэ Бейтыгъуэн lэуесрэ зэдатха «Адыгэ нып» усэм и псалъэхэмкlэ стха уэрэдымкlэ. Абыи зы щlагъыбзэ щlэслъхьащ: Къардэнгъущlым игъэзащlэу щыта уэрэдхэм яхэтщ ныпым я гур къыщlиlэтэу е ар я губампlэдэхыу яусахэри.

КПРФ-м КъБР-м и Парламентым щиlэ гупым и унафэщl Пащты Борис пшыхьым къыщызитащ «300 лет Ломоносову» медалыр, партым иубзыхуа тыгъэ лъапlэр къысхуагъэфэщащ лъэпкъ гъуазджэм щlэблэр зэрыдезгъэхьэхым и щlыхькlэ. Ар сэркlэ лъапlэщ.

Фlыщlэ ин яхузощl пшыхьыр едгъэкlуэкlын папщlэ къыддэlэпыкъуа министерствэхэм, къэрал lуэхущlапlэхэм.

Иджы тхылъым дыщытепсэлъыхьынущ Бахъсэн къалэм. Ари и гукъэкlщ къалэ администрацэм и унафэщl Мамхэгъ Хьэчим. Ар езыр нэгъэсауэ адыгэгущ, лъэпкъым теухуауэ зы lуэхуи гулъытэншэу къигъанэркъым.








*Епсэлъар*
**ГУГЪУЭТ Заремэщ**.
*Сурэтхэр*
**Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Зэпэубыда хъунымкlэ шынагъуэ щыlэкъым

**Урысейм гъавэ щытращlэу иджыпсту къегъэсэбэп гектар мелуан 500-м щlигъу. Мэкъумэш техникэу къыщlагъэкlым и куэдагъым процентиi 8-м щlигъукlэ, ерыскъыхэкlым зэрелэжь оборудованэу къыщlагъэкlам процент 40-кlэ хэхъуащ.**

КЪЭРАЛЫМ и тхыдэщlэм щыетlуанэу гъавэ бэв дыдэ нэгъабэ кърахьэлlэжащ. Ерыскъыхэкlхэм елэжь lэнатlэхэм, псом хуэмыдэу бдзэжьей гъэхъуным яужь итхэм, ехъулlэныгъэфlхэр къагъэлъэгъуащ. Сэхуран дагъэмкlэ, жылапхъэмкlэ, бдзэжьеймкlэ, бдзэжьейхэкlхэмкlэ, фошыгъумкlэ, лымрэ лыхэкlхэмкlэ зыхуагъэувыжауэ щыта къалэнхэм фlыуэ щlрагъэгъуащ. Абыхэм я фlыгъэкlэ къэралым и цlыхухэр ерыскъыкlэ ирикъуу къызэгъэпэща мэхъу, ар зэпэубыда хъунымкlэ шынагъуэ щыlэкъым.



Къэралым къыщагъэхъу жылапхъэхэри нэхъыбэ хъуурэ макlуэ. Абыхэм ехьэлlауэ генетикэ и лъэныкъуэкlэ къэхутэныгъэ, къэпщытэныгъэ щрагъэкlуэкl, фlагъ лъагэ зиlэ жылапхъэхэр къыщlагъэкl лабораториеу 150-м щlигъу мэлажьэ. 2020 гъэм щегъэжьауэ технологиеу 34-рэ абыхэм езыхэм къагупсысыжащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрми гулъытэ хэха хуещl хамэ къэралхэм кърашу шхын лlэужьыгъуэхэр езым и продукцэхэмкlэ зэхъуэкlыным, ерыскъымкlэ цlыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, мэкъумэшыщlэхэм защlэгъэкъуэным, къуажэхэм зегъэужьыным.

Республикэм и мэкъумэш-промышленнэ lэнатlэхэми хэхъуэ къагъэлъагъуэ зэпытщ. Мэкъумэшхэкlыу псори зэхэту къыщlагъэкlам и промышленнэ индексыр проценти 100,1-кlэ хэхъуащ, ахъшэкlэ къэбгъэлъагъуэмэ, сом мелард 89,5-рэ я уасэу.

Гъавэхэкlрэ джэш хъурейуэ, нартыхури абы хэт, тонн мин 1421-рэ кърахьэлlэжащ нэгъабэ. Ар процент 14-кlэ нэхъыбэщ 2022 гъэм щыlа бжыгъэхэм нэхърэ. Иужьрей илъэситхум хьэцэпэцэмрэ джэш хъуреймрэ зэхэту кърахьэлlэжам процент 25-кlэ къыхагъэхъуащ, нартыхум - процент 13-кlэ. Нартыху жылапхъэу lуахыжам и куэдагъыми процент 25-кlэ хагъэхъуащ, илъэс къэс ику иту тонн мин 15 хуэзэу.

Пхъэщхьэмыщхьэрэ мэракlуэ лlэужьыгъуэу къэралым къыщрахьэлlэжам и процент 29,4-р Къэбэрдей-Балъкъэрым къылъос икlи абыкlэ Урысейм и щlыналъэхэм ещанэ увыпlэр республикэм щиlыгъщ. Хадэхэкlыу къыщlагъэкlым и куэдагъым процент 16-кlэ хагъэхъуащ.

**АЛЫБЭРДЫКЪУЭ lэмин**.






● Шхыныгъуэ

# Нартыху махъсымэ

Нартыху гъэлъэлъар псы хуабэкІэ ялъэс, псы хуабэм халъхьэ, хуабапІэм ягъэуври, жэщитІ-махуитІкІэ щагъэт, псым къыхахыжри зэщІэуфауэ махуэ зытІущкІэ щагъэт, къикІыкІын щхьэкІэ. Нартыху къикІыкІар ягъэгъущри мывэ щхьэлкІэ яхьэж. Аращ кІытэ хъужыр. ИтІанэ нартыху хьэжыгъэр ямыухуэнщІу псывэкІэ япщ. ХупцІынэм и бахъэ пщтырыр зэрыкІуэу, кІытэм и ныкъуэр хакІутэ, зэІащІэурэ гуэдз хьэжыгъэ хаудэри, щІапщэ. ХупцІынэм и щхьэр трапІэри, Іэфl къыщІыхьэн щхьэкІэ сыхьэтих-икІэ щагъэт. ИужькІэ абы чыржын къыхащІыкІри, ягъажьэ. Ар тІэкІу ягъэупщІыІу, зэхапІытІэ, кІэструлышхуэм иралъхьэ, псы гъэва щІыІэ щІакІэри, зэхапІытІэурэ хъудыр ящІ. КІытэ къэнар абы хакІутэри, и щхьэр тепІауэ жэщитІ-махуитІкІэ хуабапІэм щагъэт, къэвэн щхьэкІэ. КъыщывэкІэ, абы тхъурымбэр къытехын хуейщ. Курыбэ (а псоми зэреджэр аращ) къэвар кхъузанэкІэ яз, псы гъэва гъэупщІыІужа тракІэм зэІахыурэ. Абы къыщІэкІар аргуэру бинт тІууащІэ-щащІэкІэ язри, зэІамыщІэу фошыгъу кІанэ халъхьэ. ИтІанэ и щхьэр тепІауэ хуабапІэм ягъэуври, жэщитІ-махуитІкІэ щагъэт. Абы и ужькІэ адыгэ дзасэр фІыуэ ягъэплъри зэІащІэ, тхъуэплъ, плъыжь дахэ ищІын щхьэкІэ. Зи къэвэн ирикъуа махъсымэр зэтежэбзыкІауэ щытщ. Махъсымэ къабзэр кхъуэщыным иракІэри, и щхьэр фІыуэ гъэбыдауэ щІыІапІэм ягъэув. Ар нэхъыбэрэ щытыху нэхъ гуащІэ мэхъу. Махъсымэр яза нэужь кхъузанэм къина щІакІэри сэбэпышхуэщ. Ар кІуэцІылъу щагъэлъа мэлыфэр псынщІэу мэтэдж, цыри нэхъ тыншу, къабзэу токІ.

*Халъхьэхэр:*

Нартыху хьэжыгъэу - г 1830-рэ,
гуэдз хьэжыгъэу - г 200,
кІытэу - г 50,
шыгъуу - г 24-рэ,
тебэщыхуэу - г 10,
хупцІынэ зэрапщ псывэу - г 2820-рэ
Чыржыныр щызэхапІытІэкІэ щІакІэ псывэ гъэва гъэупщІыІужауэ - г 6580-рэ
ЩазкІэ щІакІэ псы гъэва гъэупщІыІужауэ - г 8400-рэ
Фошыгъу кІанэу - г 5000
А псоми махъсымэ хьэзыру къыхокІ - л 20.

***«Адыгэ шхынхэр» тхылъым къитхыжащ.***

● Чэнджэщхэр

Дзэр быдэ хъун щхьэкІэ гуэдзым къыхэщІыкІа кІытэ я жьэм жьэдалъхьэри ягъэнышкІуурэ жьэдагъэлъ, яхуэшэчыху, итІанэ къыжьэдадзыж. Апхуэдэурэ илъэсым къриубыдэу тхуэ-хэ ящІ.

* * *

Тэрчдэсхэм тэмакъ узыр, бгъэч узыр зэрагъэхъужу щытар: абы щхьэкІэ гуэдз хуэнщІейр псы хуабэкІэ зэхащІэрт, цІыху сымаджэм и пщэм тралъхьэрт, япхэжырти нэху кърагъэкІырт. Апхуэдэурэ тІэу-щэ ящІмэ, узыр хъужырт.

* * *

Джэджьей, гуэгуш шыр цІыкІухэм бжьыныху, бжьын цІынэхэм я тхьэмпэр цІыкІу-цІыкІуурэ зэпагъэлъэлъри, хуэнщІейм хэпщауэ гъатхэм ирагъэшх. Абы витамин куэд хэлъщи, а шыр цІыкІухэр мысымаджэу, нэхъ къару яІэу къохъу икІи шхэрей мэхъу.

● ФщІэн папщІэ

# ЖыІэгъуэм и купщІэр

**ГукІэ къузыбжьэ**. Мэкъумэш е мэз щІыхьэху щащІам деж псом яужь иту къэзыгъэзэжам фадэбжьэ иратырти ехъуэхъурт дяпэкІэ яужь къимынэу сыт щыгъуи пашэу щытыну. А фадэбжьэм гукІэ къузыбжьэкІэ еджэрт. Хабзэр щагъэзащІэу щытар Къызбрун, Зеикъуэ къуажэхэрщ.

**Пщы хъуэж**. Пщырэ пщылІрэ щыщыІа зэманым адыгэхэм яхэлъа хабзэщ. Хабзэм тету пщымрэ уэркъымрэ зэгурыІуэрти зэувалІэрт уэркъым пщым къулыкъу хуищІэну. Уэркъыр пщым и гъусэу зэуакІуэ кІуэрт, абы жиІэр ищІэрт, пщыр къыщеджэм и деж къэгъазэ имыІэу и Іуэхур дызэфІигъэкІырт. А къулыкъум пэкІуэу пщым уэркъым иритырт щІы Іыхьэ, пщылІ зыбжанэ, Іэщ, Іэщэ-фащэ. Хабзэм къызэриубыдымкІэ, пщым уэркъым и жагъуэ ищІмэ, абы и уэркъ тыныр пщым иритыжырти, нэгъуэщІ пщым и деж кІуэрт, къулыкъу хуищІэну. Уэркъыр нэгъуэщІыпщым и деж кІуамэ, абы пщы хъуэжкІэ еджэу щытащ.

**Пщым я пщыж**. Феодальнэ лъэхъэнэм Къэбэрдейр пщыгъуэ-пщыгъуэу гуэшауэ щытащ. Пщыгъуэ къэсыхункІэ езым япщ яІэжт, ауэ абы къыщымынэу зэрыкъэбэрдейуэ зы пщышхуэ хахырт пщым я пщыжкІэ еджэу. А къалэныр пщыгъуэхэм гъуэрыгъуэурэ къалъысырт.

**ДУМЭН Хьэсэн.**

Гъатхэ теплъэгъуэ



*Сурэтыр тезыхар* **Къарей Элинэщ**.

● Псалъэжьхэр

# Зи игъуэр дахэщ

- ♦Къыптекlуэ лъэщщ.
- ♦МафІэм сахуэ ещІри, дзэм шхахуэ ищІыркъым.
- ♦Шу гъуэгурыкІуэм бзыпхъэ трех.
- ♦Хамэхьэр къохьэри, унэхьэр иреху.
- ♦ЗыщІ нэхърэ еплъ нэхъ Іэзэщ.
- ♦Джэду здэщымыІэм дзыгъуэ щоятэ.
- ♦Мыдэф и Іуданэ кІыхьщ.
- ♦Зи игъуэр дахэщ.
- ♦Ныбгъуэр бгъасэми, хьэсэр и плъапІэщ.
- ♦Хейм и лъыр хамэм ещІэж.
- ♦Хуарэр дэхуэхмэ, гум йокъу.
- ♦ЦІыхум я фэр зэрызэхуэмыдэм хуэдэу, ягури зэхуэдэкъым.
- ♦Чэзу зимыІэ щыІэкъым.
- ♦УэфІрэ уэлбанэрэ я хьэкъ зэтенэркъым.
- ♦Удэмэ - Іуданэ, убзэмэ - бзыхьэхуэ.
- ♦ЗыхуащІэ нэхърэ - зыщІэф.
- ♦Къыптекlуэ лъэщщ.
- ♦Хамэ ущие тхьэмахуэщ, хабзэ хьэху махуищщ.
- ♦Пщы зыфІэпщым пщылІ къыпфІещ.
- ♦Дзэм хамэ хэткъым.
- ♦Дзыгъуэ пэтрэ и гъуэ щылІыхъужьщ.
- ♦Ем щыгъуэ бжьэдыгъур зэшщ.
- ♦Гугъуехь зымылъэгъуам гъуэгуанэ хуэшэчыркъым.
- ♦Емынэм къелар хъумбылейм ехьыж.
- ♦Зыщэм и напэр къэзыщэхум и уасэщ.
- ♦ЕсыкІэ умыщІэмэ, ІупщІа псыми уитхьэлэжынщ.
- ♦КъуэщІий мафІэми шэ къегъэпщт.
- ♦ЗыщІэм жиІэркъым, жызыІэм ищІэркъым.
- ♦Нэм псэр зыщІешэ, гум гур къреджэ.
- ♦КъакІуэ псори благъэщ.
- ♦Закъуэныгъэ нэхърэ - Іэл къыбдис.
- ♦Унагъуэ зиІэм унагъуэ и пІалъэ ещІэ.
- ♦Зэдэшхэ ІэфІщи, зэдэфІ унэщ.
- ♦Хамэм ухуэмыубэ, быным ухуэмыдзыхэ.
- ♦Нэм пэжыжьэми гум пэблагъэщ.
- ♦ЦІыхуфІ и Іэнэ хьэзырщ.
- ♦Уи анэ и Іэ илъым еплъи, уэ уи Іэ илъым едзакъэ.
- ♦Сабий щІэхъуэпсым гущэпс ед.
- ♦НэхъыщІэ нэхъ щІасэщ.
- ♦Хэгъэрей бзаджэ дэкІуатэ кІыхьщ.
- ♦Зэкъуэш псори зы анэм къилъхуркъым.
- ♦УнагъащІэ хьэщІэхуэфІщ.
- ♦ЦІыхубз зыщІэмыс унэр сабафэщ.
- ♦Шыгъу пут зэдумышхыу узэрыщІэркъым.

# Гугъэ яхилъхьащ

● Дерс

Зы пщыхьэщхьэ гуэрым къуэм и анэр рестораным ишащ. Анэм и ныбжьыр хэкІуэтат, и Іэхэр кІэзыз хъуати, ишххэм щыщ кІэригъэщэщырт. ШхапІэм щІэсхэм мыарэзыщэу къыхуеплъэкІхэри яхэтт зэанэзэкъуэм. Ауэ къуэм и щхьэр Іэтауэ и анэм бгъэдэст, цІыхубзым и бостейм тригъэщащэІамэ, илъэщІыжу.

Шхэн яуха нэужь, зэанэзэкъуэм зытхьэщІыпІэмкІэ яунэтІри, анэм и Іэхэр иригъэтхьэщІыжащ, и щхьэцыр хурилъэщІэкІщ, и нэгъуджэр захуэу хуІуигъэтІысхьэжри ежьэжахэщ.

Рестораным щІэсу хъуар щыму еплъырт а пщыхьэщхьэм шхакІуэ къэкІуаитІым. Къуэм иужь зыкъригъанэри, ахъшэр иритауэ щыщІэкІыжым, зы цІыхухъу къэпсэлъащ:

- Зыгуэр къыщІэбнауэ къыпщыхъуркъэ мы шхапІэм?
- Зыри къэзгъэна хуэдэкъым, зиусхьэн...
- Къэбгъэнащ, - жиІащ лІым. - Мыбы къуэуэ щІэсым дерс къахуэбгъанэри, анэу щыІэм гугъэ яхэплъхьащ!

**КЪЭБАРТ Мирэ.**

# Псалъэзэблэдз




***ЕкІуэкІыу:*** **3**. Шым и кІуэкІэ. **5**. Бэлыхь хэхуа е зи мылъку зыфІэкІуэда цІыхум къыбгъэдэкІ лъэІу. **7**. Танэ мэжэлІам и ... макъ къэІуащ. **8**. Зи тхьэмпэхэм лэдихиплІ иІэ жыг, шыкІэпшынэ къызыхащІыкІ. **9**. «Бжьыхьэр ... пылъэлъыжыгъуэщ» - Мэзыхьэ Борис и тхылъ. **11**. Уафэм къех мыл тыкъыр цІыкІу. **12**. КъэгъэшыгъуафІэ гуэр. **13**. Іэщ егъэзыпІэ.

***Къехыу:*** **1**. Сталиным и унэцІэ дыдэр. **2**. Сымаджэр къанэри, ... лІащ. **4**. ЦІыху мин 13-м щІигъу зыдэс адыгэ къуажэ. **6**. Щхьэц лъэпкъ зытемыт цІыху. **7**. Зи цІэ ираІуэр ... тетщ. **10**. Нэхъапэм нэгъуэщІ унагъуэм ирагъэпІыну ирату щІалэ цІыкІу.

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.

***Гъатхэпэм и 30-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкІуэкІыу:*** **5**. Дыжьын. **6**. Тыкуэн. **8**. Мыщэ. **9**. Бжьын. **10**. Къуэгъу. **12**. Къыр. **13**. КІэн. **15**. ШкІэ. **18**. ЩІопщ. **20**. Бгыкъу. **21**. Нысэгъу. **22**. Хьэзыр.

***Къехыу:*** **1**. ПІырыпІ. **2**. Джыдэ. **3**. ЩІыІуб. **4**. Іэлъын. **7**. Гъуджэ. **10**. Къурш. **11**. ГъукІэ. **14**. Щомыщ. **16**. КІыгу. **17**. Мылыф. **19**. Щхьэл. **20**. Бгъэн.



# Бзэмрэ псэмрэ зэпыщIащ

**«Унагъуэр еджэмэ - къэралри йоджэ» къыхуеджэныгъэм щIэту 2024 гъэм гъатхэпэм и 23 - 31-хэм къэралым и дэнэ щIыпIэкIи щрагъэкIуэкIащ «Сабий тхылъым и тхьэмахуэ» фIэщыгъэр зиIэ Iуэхугъуэ щхьэпэхэр. Абыхэм хыхьэу Налшык къалэм Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ творчествэмкIэ я уардэунэм иджыблагъэ зэIущIэ хьэлэмэт къыщызэрагъэпэщат. Ар хуэгъэпсауэ щытащ сабийхэм я анэдэлъхубзэр фIыуэ ялъагъуу къэгъэтэджыным, тхылъ еджэным дегъэхьэхыным, щIыпIэм и тхакIуэхэм я IэдакъэщIэкIхэм щыгъэгъуэзэным, лъэпкъ тхыдэм, хабзэм, щэнхабзэм фIыуэ хащIыкIыу щытыным.**

А МАХУЭМ сабийхэм яхуеблэгъат усакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэ Хьэщыкъуей Олег. ЗэIущIэм апхуэдэу хэтащ Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ творчествэмкIэ я уардэунэм и унафэщI КIэрашэ Аксанэ, абы и къуэдзэ ПщыукI Анютэ, къудамэм и унафэщI Мэршэнкъул Марьянэ сымэ, нэгъуэщIхэри.

Уардэунэм къекIуалIэ сабийхэм ядэлажьэ Бозий Мадинэ зэIущIэр къыщызэIуихым кIэщIу къытеувыIащ «Сабий тхылъым и тхьэмахуэм» и тхыдэм. Абы къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ ар 1943 гъэм щегъэжьауэ къэралым зэрыщагъэлъапIэр. Апхуэдэ Iуэху дахэр, щIэблэм дежкIэ къыпхуэмылъытэну щхьэпэр къыхэзылъхьауэ щытар тхакIуэ цIэрыIуэ Кассиль Левт. Хэку зауэшхуэр екIуэкIырт, мэжэщIалIэр куэдт, абыхэм я нэхъыбэр сабийт. Мис ар къагурыIуэу, ныбжьыщIэхэм гугъуехьхэр зытIэкIукIэ щагъэгъупщэн, гукъыдэжыр къыхуаIэтын, езыхэми я къэкIуэнум лъабжьэ хуагъэтIылъын, щIэныгъэм, щэнхабзэм гу хурагъэщIын мурадкIэ зэхаублат а Iуэхугъуэр.

Япэ зэхуэсым кърихьэлIат сабий усакIуэ цIэрыIуэхэу Маршак Самуил, Барто Агние, Чуковский Корней, Пришвин Михаил, Михалков Сергей, Дубровинэ Людмилэ, Кассиль Лев сымэ, нэгъуэщI куэди. Абыхэм я нэхъыбэр зауэм къыпэрыкIри, Мэзкуу къэкIуат сабийхэм яIущIэн папщIэ. «Сабий тхылъым и тхьэмахуэ» япэ зэхуэсым теухуа теплъэгъуэхэм Бозий Мадинэ къызэхуэсахэм телевизоркIэ иригъэплъащ.

ИужькIэ, сабийхэр тепсэлъыхьащ нэхъыфIу ялъагъу тхылъхэм икIи абыхэм тращIыкIа сурэтхэр хьэщIэхэм ирагъэлъэгъуащ. ИтIанэ ахэр гъэхуауэ, дахэу къеджащ Хьэщыкъуей Олег и усэ Iэрамэм. Абыхэм я нэгум къищырт усэхэр зытеухуар къазэрыгурыIуэр, псэкIэ зэрызыхащIэр. ЦIыкIухэм хуабжьу яфIэгъэщIэгъуэн хъуащ а къызэджа усэхэр зытхар я пащхьэ зэрисыр. Абыхэм я нэ цIыкIухэр лыду, уеблэмэ я фIэщ мыхъу жыхуаIэм хуэдэу еплъырт хьэщIэ къахуэкIуам. Усыгъэм и дуней телъыджэм щIэблэр хэшэным, тхыгъэр зи IэдакъэщIэкIымрэ абы еджэмрэ зэпыщIэным мыхьэнэшхуэ зэриIэр мыбдежым щынэрылъагъу дыдэт.

Хьэщыкъуейм цIыкIухэм фIыщIэ яхуищIащ апхуэдэу дахэу и усэхэм къызэреджам, егугъуу зэрызагъэхьэзырам папщIэ икIи чэнджэщ яритащ тхылъ еджэну, анэдэлъхубзэр IэщIыб ямыщIыну, ар фIыуэ зрагъэщIэну.

«Бзэ Iей щыIэкъым икIи бзэ нэхъыбэ пщIэныр фIы дыдэщ, ауэ ууейр къэбгъанэу, ар зыщыбгъэгъупщэу нэгъуэщIым ейм зыщептым деж ар насыпыншагъэщ. Абы дыкIэлъыплъын хуейщ, псом хуэмыдэу, адэ-анэр. Бзэ пщIэнымрэ акъылыфIэу ущытынымрэ зэпэщхьэхуэщ. Псалъэм папщIэ, къэхъункIэ мэхъу цIыхум хамэбзэ куэд ищIэу, ауэ Iущыгъэм, псэкупсэ къулеягъым хуэхейуэ, удэзыхьэхын пкъырымылъу. Бзэ куэд зэрищIэми къыдихыжыфынукъым зи анэдэлъхубзэм и IэфIагъыр, и купщIэр зыIэщIэкIар. Япэ ирагъэщу хамэбзэхэр зэзыгъащIэу абыхэм ирипсалъэ псори ямылейуэ губзыгъэу икIи Iэзэу щыткъым, ари зыгурыдгъэIуэн хуейщ. НэгъуэщIым щхьэкIэ уи лъэпкъыбзэр ебгъэкIуэтэкIыныр тхьэмыщкIагъэщ. Аращи, анэдэлъхубзэр япэ изыгъэщу, адрейхэри фIыуэ зэзыгъащIэрщ хущIемыгъуэжынур. Абы и щапхъэхэм гъащIэм куэд дыдэрэ дыщрохьэлIэ. И анэдэлъхубзэкIэ къыжраIа гущэкъу уэрэдым, таурыхъхэм, хъыбархэм щIапIыкIа, абыхэм я IэфIагъыр, беягъыр зыпкърыхьа щIэблэрщ лъэпкъым и къэкIуэнур зэпхар. Бзэмрэ псэмрэ зэрызэпыщIари зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым», - жиIащ усакIуэм.

Апхуэдэуи ар тепсэлъыхьащ нобэ сабийхэр телефонхэм хуабжьу дихьэх зэрыхъуам, абы нэхъыжьхэр зэригъэпIейтейм. Зэманыр мэкIуатэ, дунейм псынщIэу зеужь, гъащIэм зехъуэж, махуэ къэси абы щIэ куэд къыхохьэ. Абыхэм ящыщщ телефонхэри планшетхэри. Иджырей технологиер жыжьэ бэкъуащ, илъэс щэ ныкъуэкIэ узэIэбэкIыжмэ, уи нэгу къыпхущIэмыгъэхьэу щыта телъыджэ куэд ди нэкIэ тлъэгъуащ, къэдгъэсэбэп хъуащ, IэмэпсымэщIэхэм я зэфIэкIыр хьэкъыу тпхыкIащ.

«Сыт хуэдэ лъэхъэни жьыр щIэм йохъурджауэ, ауэ, Iуэхум пэжу деплъмэ, абыхэми дэри зыри дилажьэкъым, атIэ ар, дыхуей-дыхуэмейми, зэманым къытхуигъэува Iуэхугъуэщи, къэтщтэн хуейуэ къызолъытэ.

Телефоныр сабийм къыщIытепхын, щIумыгъэIыгъын щхьэусыгъуи щыIэкъым, сэ сызэреплъымкIэ. Пэжщ, зэрыIэщIэлъ зэманыр гъэмэщIэн хуейщ. Япэм цIыхухэм еджэкIэ, тхэкIэ ящIэу щытакъым, ауэ зэманым зиужьурэ нэхъыжьхэри еджэжын хуей хъуащ, щIэныгъэншагъэр гъэкIуэдыным хуэгъэпса Iуэхухэр къэрахьэжьэри. Иджыпстуи, телефонхэр сабийхэм къаIэщIэпхыпэмэ, ахэр екIуэкI зэманым къыкIэрыбгъэхуну аращ.

Иджырей технологиехэм жыджэру зеужь, ди щIалэгъуалэри нобэ гъащIэм къыщекIуэкIхэм щыгъуэзэн, дэбэкъуэн хуейщ. Абы зыри пхуещIэнукъым. Я зэраныгъэ къызыхэкIынум пэIэщIэ тщIыуэ, зэрытхузэфIэкIкIэ дадэIэпыкъуу, гъуэгу захуэм зэрытедгъэувэным дыхущIэкъу зэпыту дадекIуэкIмэ нэхъыфIщ сабийхэм. Сыт хуэдэ пэубыдыныгъэми фIы къызэримышэри зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым адэ-анэм. Телефонхэм я къэгъэсэбэпыкIэм теухуауэ иджыпсту дызыгъэпIейтей Iуэхухэм губзыгъэу хэкIыпIэ къахуэдгъуэтынырщ ди къалэныр», - жиIащ Хьэщыкъуейм.

Къызэхуэсахэм упщIэ куэдкIэ хьэщIэм зыхуагъэзащ. Абыхэм псоми зэпкърыхауэ жэуап ягъуэтащ, иужькIи гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ ягъуэтауэ цIыкIухэр зэбгрыкIыжащ, усакIуэми елъэIуащ иджыри хьэщIапIэ къахуэкIуэну.

Я зэIущIэр гуапэу ягу къинэжын папщIэ фэеплъ сурэти зытрагъэхащ зэIущIэм и кIэухым. Нэрылъагъут абы хэта псоми я гур хэхъуэу, бзэ и лъэныкъуэкIэ яIэ зэфIэкIым хагъэхъуэн мурад яIэу зэрызэбгрыкIыжыр.

**ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.**

# Лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэхэр

**«Урысей» дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ-зэхуэсым хыхьэу мы махуэхэм ВДНХ-м и 75-нэ павильоным къыщеджащ адыгэ, балъкъэр усакIуэхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэм.**

САБИЙХЭМРЭ щIалэгъуалэмрэ творчествэмкIэ я уардэунэм и лэжьакIуэхэмрэ гъэсэнхэмрэ махуэ зыбжанэкIэ «Урысей» дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ-зэхуэсым зыкъыщагъэлъэгъуащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ. Ди республикэм и стендыр хухахат балъкъэр лъэпкъым и къэщIэрэщIэжыныгъэ махуэм. Ди щIыналъэм и лIыкIуэхэм хьэщIэхэр хагъэгъуэзащ лъэпкъ хабзэхэм, щэнхабзэм, тхыдэм. Кулиев Къайсын и усэхэм къеджащ лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщ балигъхэмрэ сабийхэмрэ.

Сабийхэмрэ щIалэгъуалэмрэ творчествэмкIэ я уардэунэм и унафэщIым цIыхубэ, методикэ лэжьыгъэхэмкIэ и къуэдзэ Хьэрэдурэ Лидэ зэрыжиIамкIэ, Ставрополь крайм павильоным литературэ зэхыхьэ къыщызэрагъэпэщащ икIи Урысейм и щIыналъэхэм къикIа, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм щыщхэр я анэдэлъхубзэкIэ усэ къыщеджэну ирагъэблэгъащ. «Кавказ пшэплъхэр» ансамблым и къэфакIуэ ныбжьыщIэ, Налшык къалэм и курыт еджапIэ №27-м щIэс Бекъан Тамерлан къеджащ Лермонтов Михаил итха, Тхьэзэплъ Хьэсэн адыгэбзэкIэ зэридзэкIа усэм.

- «Урысей» выставкэр щIэщыгъуэ зэрытщыхъуам и мызакъуэу, ди зэфIэкIым абы щыхэдгъэхъуащ. Абы щекIуэкIа мастер-классхэр къытщхьэпэнущ ди IуэхущIапIэм и творческэ гупжьейхэр едгъэфIэкIуэным, зыдужьыным теухуауэ, - жеIэ Хьэрэдурэ Лидэ. - Ди республикэм и щIалэгъуалэм ди лъэпкъ фэилъхьэгъуэхэр абы зэрыщагъэлъагъуэр усэншэщ! Къалэм и щIыпIэ дахэхэм зыщытплъыхьащ, Кремлри хыхьэу.



ВДНХ-м и павильон зыбжанэм щыболъагъу къэралым и щIыналъэхэм, федеральнэ министерствэхэм, къэрал IуэхущIапIэхэм ягъэзэщIа Iуэхухэм къарикIуа ехъулIэныгъэхэр. Гъэлъэгъуэныгъэм щылажьэхэм, пщэдджыжьым сыхьэти 10-м щыщIэдзауэ пщыхьэщхьэр хэкIуэтэху цIыху куэдым епсэлъэну я пщэрылъщ, абы жэуаплыныгъэ зэрыпылъри зыхащIэ.

Зэхыхьэ гуапэр гъэнщIащ зэIущIэхэмкIэ, зыплъыхьакIуэхэмкIэ, къэпсэлъэныгъэхэмкIэ, концертхэмкIэ, декоративно-прикладной гъуазджэм и IэпщIэлъапщIэхэм я мастер-классхэмкIэ. Ахэр IэмалыфIщ ди щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэхэм, щэнхабзэм нэгъуэщIхэм зыхагъэгъуэзэнымкIэ.

2023 гъэм щэкIуэгъуэм и 4-м, ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлIэу, къызэIуаха выставкэм цIыху мелуани 6-м щIигъу еплъыну хунэсащ. Гъэлъэгъуэныгъэ-зэхуэсыр 2024 гъэм бадзэуэгъуэм и 8 пщIондэ лэжьэнущ. Москва кIуэну къызыхуихуэ дэтхэнэми ВДНХ-м сыхьэт зыбжанэкIэ зыщаплъыхьмэ, гъэщIэгъуэн куэд ялъагъунущ.

Выставкэр къызэзыгъэпэщахэр https://russia.ru/ сайтым щыщIоупщIэ гъэлъэгъуэныгъэм хыхьэу нэхъ гукъинэж ящыхъуахэм, къыкIэлъыкIуэ зэхуэсым ар Iуэхум къыхалъытэн папщIэ.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. 12+

Индексыр П 5894 • Тиражыр 1.553 • Заказыр №699

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ № ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым – 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66

ДИ ХЭЩIАПIЭР 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А